द्विभाषिक संकलन • BILINGUAL EDITION

नाटक-कथा-संसार

PLAY-STORY-WORLD

गजेन्द्र ठाकुरक १२ टा मैथिली नाटकक कथा-सार

१ अपाला आत्रेयी
२ भऽ जाएब छू
३ दानवीर दधीची
४ गंगा ब्रिज
५ जलोदीप
६ कमलाक भगता
७ मचण्ड
८ संकर्षण
९ उल्कामुख
१० व्याप्ति
११ जे नाम पोथीमे नहि
१२ पानिक लेखा

गजेन्द्र ठाकुर

GAJENDRA THAKUR

Translated from original Maithili by the author himself

२०२६ / 2026

नाटक-कथा-संसार

PLAY-STORY-WORLD

गजेन्द्र ठाकुर

गजेन्द्र ठाकुर • GAJENDRA THAKUR

नाटक-कथा-संसार

PLAY-STORY-WORLD

गजेन्द्र ठाकुरक १२ टा मैथिली नाटकक कथा-सार

मूल मैथिली खण्ड

मैथिली आ अंग्रेजी द्विभाषिक संकलन

Translated from original Maithili by the author himself

२०२६ / 2026

प्रकाशन आ कॉपीराइट

नाटक-कथा-संसार / Play-Story-World

गजेन्द्र ठाकुर | Gajendra Thakur

गजेन्द्र ठाकुरक १२ टा मैथिली नाटकक कथा-सार।

Synopsis of 12 plays in original Maithili. Synopsis and English translation by the author himself.

संयुक्त द्विभाषिक संकलन संस्करण / Combined bilingual compilation edition: 2026.

Arrangement and presentation © 2026 Gajendra Thakur / Preeti Thakur. All rights reserved.

मूल कृतिसभक पूर्व-प्रकाशन, सह-अधिकार आ अन्य संस्करणक अधिकार यथावत्।

The rights pertaining to earlier publication, joint ownership, and other editions of the original works remain unchanged.

English translation: Translated from original Maithili by the author himself.

विस्तृत अनुक्रमणिका

मूल मैथिली खण्ड

रंग-संगम....16

१. अपाला आत्रेयी....16

दृश्य एक....16

दृश्य दू....16

दृश्य तीन....17

दृश्य चारि....17

दृश्य पाँच....17

दृश्य छअ....17

दृश्य सात....18

२. भऽ जाएब छू....18

भाग १ : सृष्टिक पात्र सभ....18

भाग २ : विज्ञान आ कल्पना....19

भाग ३ : प्रतिज्ञा....19

३. दानवीर दधीची....20

प्रथम दृश्य....20

दृश्य दू....20

दृश्य तीन....20

४. गंगा ब्रिज....21

पल्लव एक....21

भाग १ : सपना आ शुरुआत....21

भाग २ : निर्माणक कठिनाइ....22

पल्लव दू....22

भाग ३ : स्वार्थ आ समझौता....22

पल्लव तीन....22

भाग ४ : बलिदान आ पतन....23

पल्लव चारि....23

पल्लव पाँच....23

पल्लव छअ....24

भाग ५ : स्मृति आ प्रश्न....24

पल्लव सात..24
पल्लव आठ..24

५. जलोदीप..25

पूर्वदृश्य..25
अङ्क १ : बाढ़िक अन्हार..25
दृश्य १..25
दृश्य २..25
अङ्क २ : पहाड़क खेल..26
दृश्य १..26
दृश्य २..26
अङ्क ३ : लोकक खेल..26
दृश्य १..26
दृश्य २..26
अङ्क ४ : जलोदीप..27
दृश्य १..27
दृश्य २..27
अङ्क ५ : नबका बिहान..27
दृश्य १..27
दृश्य २..27

६. कमलाक भगता..28

सूत्रधारक भूमिका..28
दृश्य १..28
दृश्य २..28

७. मचण्ड..29

अङ्क १..29
अङ्क २..29
अङ्क ३..30
अङ्क ४..30

८. संकर्षण..30

उपक्रम..30
पहिल कल्लोल : प्रतिष्ठाक बीआ..31
अङ्क १ : कलक्टरक बहन्ना..31
अङ्क २ : बंगाली बाबूक सीख आ कलक्टरक चैम्बर..31

अङ्क ३ : तीन टा कारी कुकुरक खिस्सा....31

दोसर कल्लोल : झूठ जड़ि पकड़ैत अछि....32

अङ्क १ : पसीझक काँटक दंभ....32

अङ्क २ : पंचैतीक दण्ड....32

अङ्क ३ : कंठी हाथमे, कोदारि हाथमे....32

अङ्क ४ : टेलीफोन डायरीक भय....32

तेसर कल्लोल : बियाह आ बड़ाइक बजार....33

अङ्क १ : घटकक चिकनी बात....33

अङ्क २ : सासुरसँ आगमन आ रङ्गक दंभ....33

अङ्क ३ : गोबर आ दुलारक प्रश्न....33

अङ्क ४ : गुरक चाह आ जगन्नाथक कुसियार....33

अङ्क ५ : बेटाक पलायन....34

चारिम कल्लोल : शहरक आइना....34

अङ्क १ : ट्रेनमे तीन टा बौआ....34

अङ्क २ : अलीगढ़मे पुलिस-चेकिंग....34

अङ्क ३ : लाल काकाक घर....34

पाँचम कल्लोल : आत्मबोधक जुत्ता....35

अङ्क १ : चोर-बजारक ठकान....35

अङ्क २ : सोलक भीतर छिपल सत्य....35

अङ्क ३ (उपसंहार) : सूत्रधारक अन्तिम शब्द....35

९. उल्कामुख....35

सूत्रधार आ पात्र-परिचय....35

पहिल कल्लोल....36

दोसर कल्लोल....36

तेसर कल्लोल....37

चारिम कल्लोल....38

पाँचम कल्लोल....39

छअम कल्लोल....39

सातम कल्लोल....40

राजदरबारमे बुद्धिक परीक्षा....40

अनुभव-मण्डल आ सामाजिक परिवर्तन....40

जीवे-मेधाक विवाह आ हत्या....40

अनुभव-मण्डलक प्रतिरोध....41

गंगाधरक अन्तिम आशंका....41
समग्र कथासूत्र....41
१०. व्याप्ति....43
कथाभूमि आ पात्र....43
प्राक्कथन — संशय....43
अङ्क १ — प्रत्यक्ष....44
दृश्य १ — राखक भोर....44
दृश्य २ — जे देखल गेल....45
दृश्य ३ — रातिक पाँति....46
दृश्य ४ — दू ताला....47
अङ्क २ — अनुमान....48
दृश्य १ — धुँआक दिशा....48
दृश्य २ — भट्ठीक धुँआ....49
दृश्य ३ — सपक्ष-विपक्षक खेल....50
दृश्य ४ — मालतीक लेखा-पट्ट....50
अङ्क ३ — उपमान....51
दृश्य १ — बाजारक समानता....52
दृश्य २ — जतय पगचिह्न समाप्त....52
दृश्य ३ — तीन क्रम....53
दृश्य ४ — बन्द केवाड़ी आ देरी....54
अङ्क ४ — शब्द....55
दृश्य १ — मालतीक वापसी....55
दृश्य २ — तीन कथन, तीन अभिप्राय....56
दृश्य ३ — दू सय चालीसक नाम....57
दृश्य ४ — दीप, चाबी, बही....58
उपसंहार — अभाव....60
दृश्य १ — एक नामक माँग....60
दृश्य २ — जे नहि छल....61
दृश्य ३ — खाली कटोरा....62

समग्र कथासार आ दार्शनिक आशय....62

११. जे नाम पोथीमे नहि....64

नाट्यभूमि आ पात्र....64

पूर्वरंग : लिखलासँ पहिने....64

अङ्क १ — पहिल तरंग : स्वर....65

अध्याय १ | दृश्य १ : ओसारापर ध्वनि....65

अध्याय २ | दृश्य २ : पोथीक वजन....65

अध्याय ३ | दृश्य ३ : आगन्तुक इतिहासकार....66

अध्याय ४ | दृश्य ४ : नामक पहिल दरार....67

अङ्क २ — दोसर तरंग : सभा....67

अध्याय ५ | दृश्य १ : विद्यालयक ओसारा....67

अध्याय ६ | दृश्य २ : जाँच सार्वजनिक होइत अछि....68

अध्याय ७ | दृश्य ३ : सभाक भीतर दोसर सभा....69

अध्याय ८ | दृश्य ४ : सीताक मौन....69

अध्याय ९ | दृश्य ५ : नामक पाछाँ नाम....70

अङ्क ३ — तेसर तरंग : नाम....70

अध्याय १० | दृश्य १ : रिक्त पाँति....70

अध्याय ११ | दृश्य २ : पदक देह....71

अध्याय १२ | दृश्य ३ : दू नामक बीच....72

अध्याय १३ | दृश्य ४ : जकर नाम नहि....72

अध्याय १४ | दृश्य ५ : नाम दैत समय....73

अङ्क ४ — चतुर्थ तरंग : जल....74

अध्याय १५ | दृश्य १ : नावक पहिल फेरा....74

अध्याय १६ | दृश्य २ : ऊँच सड़क....74

अध्याय १७ | दृश्य ३ : दोसर फेरा....75

अध्याय १८ | दृश्य ४ : रातिक गणना....76

अध्याय १९ | दृश्य ५ : जे उत्तर नहि देत....76

अङ्क ५ — पाँचम तरंग : शेष स्वर....77

अध्याय २० | दृश्य १ : उत्तर लिखल गेल....77

अध्याय २१ | दृश्य २ : भीजल अक्षर....78

अध्याय २२ | दृश्य ३ : स्थगित....78

अध्याय २३ | दृश्य ४ : नामकरण....79

अध्याय २४ | दृश्य ५ : शेष स्वर....79
समग्र कथासूत्र....80
१२. पानिक लेखा....82
अङ्क १ : पानि चढ़ैत अछि....82
दृश्य १ : साँझ....82
दृश्य २ : नक्शा....83
दृश्य ३ : नाम....84
दृश्य ४ : पुड़िया....85
अङ्क २ : दूटा धरती....86
दृश्य ५ : लिखाइ....86
दृश्य ६ : स्मृति....87
दृश्य ७ : ओहि राति....87
अङ्क ३ : सत्यक दाम....88
दृश्य ८ : बाबू मिथ्या नहि बजैत छलाह....88
दृश्य ९ : जे घर दोषी नहि....89
दृश्य १० : हिसाबक पानि....90
अङ्क ४ : रातिक बीच....91
दृश्य ११ : अभिलेखसभ बाजैत अछि....91
दृश्य १२ : न्याय नहि....92
अङ्क ५ : भोरसँ पहिने....93
दृश्य १३ : एके ऊँच जमीन....93
दृश्य १४ : नब पन्ना....94

Detailed Contents

English Translation

Rang-Sangam: A Confluence of Theatre....96

1. Apala Atreyi....96

Scene One....96

Scene Two....96

Scene Three....97

Scene Four....97

Scene Five....97

Scene Six....98

Scene Seven....98

2. Bha Jaeb Chhu (We Shall Vanish)....99

Part 1: The Characters of Creation....99

Part 2: Science and Imagination....99

Part 3: The Pledge....100

3. Dadhichi, the Great Giver....101

Scene One....101

Scene Two....101

Scene Three....102

4. Ganga Bridge....103

Pallav One....103

Part 1: The Dream and the Beginning....103

Part 2: The Difficulties of Construction....103

Pallav Two....104

Part 3: Self-interest and Compromise....104

Pallav Three....104

Part 4: Sacrifice and Downfall....105

Pallav Four....105

Pallav Five....105

Pallav Six....106

Part 5: Memory and Questions....106

Pallav Seven....106

Pallav Eight....107

5. Jalodeep (The Floating Lamp)....108

Preliminary Scene....108

Act 1: The Darkness of the Flood....108
Scene 1....108
Scene 2....108
Act 2: The Mountain Game....109
Scene 1....109
Scene 2....109
Act 3: The People's Game....109
Scene 1....109
Scene 2....110
Act 4: The Floating Lamp....110
Scene 1....110
Scene 2....110
Act 5: A New Morning....111
Scene 1....111
Scene 2....111
6. The Devotee of Kamala....112
The Narrator's Introduction....112
Scene 1....112
Scene 2....112
7. Machand....113
Act 1....113
Act 2....113
Act 3....114
Act 4....114
8. Sankarshan....115
Introduction....115
First Kallol: The Seed of Prestige....115
Act 1: The Collector as a Pretext....115
Act 2: Bengali Babu's Lesson and the Collector's Chamber115
Act 3: The Tale of Three Black Dogs....116
Second Kallol: The Lie Takes Root....116
Act 1: The Boast about Pasijh Thorns....116
Act 2: The Village Council's Penalty....116
Act 3: A Sacred Necklace in One Hand, a Spade in the Other 117
Act 4: The Fear of a Telephone Directory....117
Third Kallol: Marriage and the Marketplace of Praise....117
Act 1: The Matchmakers' Smooth Talk....117

Act 2: Returning from the In-laws' House and the Pride of Complexion........118
Act 3: Dung and the Question of Affection........118
Act 4: Jaggery Tea and the Sugarcane of Jagannath........118
Act 5: The Son Runs Away........118
Fourth Kallol: The Mirror of the City........119
Act 1: Three Sons on the Train........119
Act 2: The Police Check at Aligarh........119
Act 3: Uncle Lal's House........119
Fifth Kallol: The Shoes of Self-realisation........120
Act 1: Deception in the Thieves' Market........120
Act 2: The Truth Hidden in the Sole........120
Act 3 (Epilogue): The Narrator's Final Words........120
9. Ulkamukh........121
The Narrator and Introduction of Characters........121
First Kallol........121
Second Kallol........122
Third Kallol........123
Fourth Kallol........124
Fifth Kallol........125
Sixth Kallol........126
Seventh Kallol........126
The Test of Intelligence in the Royal Court........126
The Anubhav Mandal and Social Change........127
The Marriage and Murder of Jive and Medha........127
The Resistance of the Anubhav Mandal........127
Gangadhar's Final Apprehension........128
The Overall Narrative Thread........128
10. Vyapti (Invariable Concomitance)........130
Setting and Characters........130
Prologue — Doubt........131
Act 1 — Perception (Pratyaksha)........131
Scene 1 — A Dawn of Ashes........131
Scene 2 — What Was Seen........132
Scene 3 — The Timeline of the Night........134
Scene 4 — Two Locks........135

Act 2 — Inference (Anumana)....................136
Scene 1 — The Direction of the Smoke....................136
Scene 2 — Smoke from the Kiln....................137
Scene 3 — The Exercise of Positive and Negative Instances...138
Scene 4 — Malati's Accounts Board....................139
Act 3 — Comparison (Upamana)....................140
Scene 1 — Resemblance in the Market....................140
Scene 2 — Where the Footprints End....................141
Scene 3 — Three Sequences....................143
Scene 4 — The Closed Door and the Delay....................144
Act 4 — Testimony (Shabda)....................145
Scene 1 — Malati's Return....................145
Scene 2 — Three Statements, Three Intentions....................146
Scene 3 — The Name of Two Hundred and Forty....................148
Scene 4 — Lamp, Key, Ledger....................149
Epilogue — Absence (Abhava)....................150
Scene 1 — The Demand for One Name....................150
Scene 2 — What Was Absent....................152
Scene 3 — The Empty Bowl....................153
Overall Narrative and Philosophical Import....................154
11. The Name That Is Not in the Book....................156
Setting and Characters....................156
Prelude: Before Writing....................157
Act 1 — First Wave: Voice....................157
Chapter 1 | Scene 1: Sound on the Veranda....................157
Chapter 2 | Scene 2: The Weight of the Book....................158
Chapter 3 | Scene 3: The Visiting Historian....................159
Chapter 4 | Scene 4: The First Crack in the Name....................160
Act 2 — Second Wave: The Assembly....................160
Chapter 5 | Scene 1: The School Veranda....................160
Chapter 6 | Scene 2: The Inquiry Becomes Public....................161
Chapter 7 | Scene 3: Another Assembly within the Assembly162
Chapter 8 | Scene 4: Sita's Silence....................163
Chapter 9 | Scene 5: The Name behind the Name....................163
Act 3 — Third Wave: Name....................164
Chapter 10 | Scene 1: The Blank Line....................164

Chapter 11 | Scene 2: The Body of the Lyric......165
Chapter 12 | Scene 3: Between Two Names......166
Chapter 13 | Scene 4: The One Whose Name Is Missing......167
Chapter 14 | Scene 5: At the Moment of Naming......167
Act 4 — Fourth Wave: Water......168
Chapter 15 | Scene 1: The Boat's First Trip......168
Chapter 16 | Scene 2: The Elevated Road......169
Chapter 17 | Scene 3: The Second Trip......170
Chapter 18 | Scene 4: The Night's Count......171
Chapter 19 | Scene 5: The One Who Does Not Answer......171
Act 5 — Fifth Wave: The Remaining Voice......172
Chapter 20 | Scene 1: The Answer Is Written......172
Chapter 21 | Scene 2: Soaked Letters......173
Chapter 22 | Scene 3: Deferred......174
Chapter 23 | Scene 4: Naming......174
Chapter 24 | Scene 5: The Remaining Voice......175
The Overall Narrative Thread......176
12. The Ledger of Water......178
Act 1: The Water Rises......178
Scene 1: Evening......178
Scene 2: The Map......179
Scene 3: The Name......180
Scene 4: The Packet......181
Act 2: Two Lands......182
Scene 5: Handwriting......182
Scene 6: Memory......183
Scene 7: That Night......185
Act 3: The Price of Truth......186
Scene 8: Father Was Not Lying......186
Scene 9: The House That Is Not Guilty......187
Scene 10: The Calculus of Water......188
Act 4: In the Middle of the Night......189
Scene 11: The Records Speak......189
Scene 12: Not Justice......190
Act 5: Before Dawn......191
Scene 13: The Same Elevated Ground......191
Scene 14: A New Page......193

रंग-संगम

नओटा मैथिली मूल नाटकक विस्तृत कथासार

अध्याय, अङ्क, दृश्य, भाग, पल्लव आ कल्लोलक क्रममे

गजेन्द्र ठाकुरक नाट्य-संग्रहपर आधारित

१. अपाला आत्रेयी

मूल पोथी : पृ. ५–३० | सात दृश्य

ऋषि अत्रिक पुत्री अपालाक विद्याध्ययन, त्वक्-रोग, वैवाहिक जीवनक संकट आ ऋचा-द्रष्ट्रीक रूपमे हुनकर प्रतिष्ठा एहि नाटकक कथासूत्र थिक। अपालाक जीवनमे शारीरिक पीड़ा आ सामाजिक दृष्टिक द्वन्द्व क्रमशः तीव्र होइत अछि।

दृश्य एक

आमक गाछीमे अपाला अक्षराभ्यास कऽ रहल छथि। एकटा बालक ऋषि अत्रिसँ विद्या प्राप्त करबाक उद्देश्यसँ आश्रम अबैत अछि। उपनयन नहि भेलाक कारण ओ अपन परिचय दण्ड-माणवकक रूपमे दैत अछि। ओ वेदमन्त्रसँ अपरिचित अछि, मुदा अध्ययनक उत्कट इच्छा रखैत अछि। अत्रि ओकरा शिष्यक रूपमे स्वीकारैत छथि आ विधिपूर्वक उपनयन करबाक आश्वासन दैत छथि। कन्या आ कुमार दुनूकेँ प्रश्न करबाक अधिकार अछि, ई बात अत्रि स्पष्ट करैत छथि। अपालाक जिज्ञासु व्यक्तित्व आ आश्रमक शिक्षापरम्पराक परिचय एहि भेटसँ होइत अछि।

दृश्य दू

उपनयन संस्कारक उपरान्त अत्रि अपाला आ आन विद्यार्थीक समक्ष सावित्री मन्त्रक अर्थ बुझबैत छथि। अपाला शिक्षाक विषयवस्तुक सम्बन्धमे प्रश्न करैत छथि। वर्ण, स्वर, मात्रा, बलाघात, शुद्ध उच्चारण, वर्तनी आ सामगानक चर्चा होइत अछि। अपाला उच्चारणक दोष आ दृष्टिक दोषक तुलना करैत छथि। आश्रममे वन्य जीवक संरक्षण, फल-संग्रह, अग्निहोत्र आ सामूहिक श्रमक नियम अछि। अत्रि विद्यार्थीक आगाँ दीर्घकालीन अध्ययन आ ब्रह्मोदय,

विदथ परिषद तथा अरण्य संसदमे विचार-विमर्श करबाक लक्ष्य रखैत छथि। एहि दृश्यसँ स्पष्ट होइत अछि जे अपालाक विद्या केवल मन्त्र कण्ठस्थ करब धरि सीमित नहि अछि।

दृश्य तीन

अत्रि वैद्यसभसँ अपालाक त्वक्-रोगक सम्बन्धमे विचार करैत छथि। मासोमास औषधि आ लेपक प्रयोगक बादो रोग दूर नहि भेल अछि। वैद्य अपालाक दृढ़ मनक चर्चा करैत छथि। अत्रिक चिन्ता केवल रोग नहि, रोगक प्रति समाजक व्यवहार सेहो अछि। विवाहयोग्य अपाला लेल ओ एहन वर चाहैत छथि जे हुनकर विद्याकेँ महत्त्व दय। वैद्य कृशाश्वक नाम सुझबैत छथि; हुनकर गुण आ वृद्ध माता-पिताक सेवाक उल्लेख करैत छथि। अत्रि हुनकर परिवारसँ सम्पर्क साधबाक निर्देश दैत छथि।

दृश्य चारि

आश्रममे अपाला आ कृशाश्वक विवाहक अनुष्ठान होइत अछि। कृशाश्वक विनम्रता आ भव्य व्यक्तित्व देखितो अपालाक मनमे आशंका अछि जे पति हुनकर विद्या आ आत्माकेँ देखताह अथवा त्वचाक दागकेँ। ऋषिमण्डली आ अग्निक साक्ष्यमे अत्रि पाणिग्रहण करबैत छथि। अपालाक केशक जूहीमाला खसि पड़ैत अछि। उत्सवक बीच अपालाक अन्तर्द्वन्द्व भविष्यक वैवाहिक संकट दिस संकेत करैत अछि।

दृश्य पाँच

पतिगृहमे अपाला वृद्ध सासु-ससुरक सेवा आ वेदाध्ययन दुनू जारी रखैत छथि। कृशाश्वक पूर्व प्रेममे उदासीनता देखलापर ओ सोझे ओकर कारण पुछैत छथि। कृशाश्व स्वीकारैत छथि जे प्रेम आ वासनाक बीच हुनका भीतर संघर्ष चलि रहल अछि; अपालाक त्वक्-दोष हुनकर दैहिक आकर्षणकेँ प्रभावित कऽ रहल अछि। अपाला एहि दृष्टिक प्रतिवाद करैत छथि। हुनकर विचारमे देहक दाग गुण आ विद्याकेँ निष्फल नहि बना सकैत अछि। ओ अपमान सहि पतिगृहमे रहबाक बदला अपन पिताक तपोवन लौटबाक निर्णय करैत छथि।

दृश्य छअ

अपाला अग्निहोम, इन्द्रक उपासना आ मन्त्रजपमे लीन छथि। धार लग भेटल सोमकेँ इन्द्र लेल अर्पित करबाक संकल्प करैत छथि। हुनकर प्रार्थनामे पिताक मस्तक, खेत आ अपन शरीरक उर्वरताक आकांक्षा एक संग अबैत अछि। रथ, युग आ सूर्यसमान त्वचाक उल्लेखसँ

ऋचाक वैदिक बिम्ब मूर्त होइत अछि। अपाला शारीरिक शुद्धिक संग दृष्टिक शुद्धिक आवश्यकता प्रतिपादित करैत छथि। निजी वेदना एतय ऋचा आ साधनाक स्वर ग्रहण करैत अछि।

दृश्य सात

महायज्ञ समाप्त भेलाक बाद ब्रह्मोदय सभामे अपालाक ऋचापर विचार होइत अछि। हुनकर त्वक्-रोग दूर भऽ गेल छन्हि। अत्रि ऋचाकेँ ऋकमे सम्मिलित करबाक प्रस्ताव रखैत छथि आ ऋषिगण ओकर स्वीकृति दैत छथि। अपालाक नाम ऋचासँ अलग नहि करबाक निर्णय होइत अछि। कृशाश्व अपन संकुचित दृष्टि लेल क्षमा चाहैत छथि, मुदा अपाला हुनकर अधिकारक दाबी अस्वीकार करैत छथि। जे प्रेम रोगक समय संग नहि देलक, से स्वस्थ देहपर अधिकार नहि माँगि सकैत अछि। अन्तमे दुनू अलग दिशामे विदा होइत छथि। अपालाक उपलब्धि पतिक पुनर्प्राप्ति नहि, अपन विद्या, ऋचा आ आत्मसम्मानक स्वतन्त्र प्रतिष्ठा थिक।

२. भऽ जाएब छू

मूल पोथी : पृ. ५६–७३ | तीन भाग

बाल चौबटिया-सड़क नाटकमे मनुष्य, जीव-जगत, ऊर्जा आ कल्पनाक सम्बन्ध बच्चा आ पैघ कलाकारक खेलक माध्यमसँ उपस्थित होइत अछि। पर्यावरणक संकटकेँ दर्शकक सहभागिता आ सामूहिक प्रतिज्ञासँ जोड़ल गेल अछि।

भाग १ : सृष्टिक पात्र सभ

सूत्रधार चौबटियापर लोककेँ घेरा बना नाटक देखबाक आमन्त्रण दैत छथि। भीड़मे उपस्थित पुरुष आ महिला पहिने नाटकक उपयोगितापर प्रश्न करैत छथि। भोजनक भूखसँ गप मोन, भाषा आ स्वच्छ हवाक आवश्यकतापर पहुँचैत अछि। कलाकारक आठ पात्र ओम, आस्था, जयन्त, अपाला, विजय, विजया, नेकलाल आ रामवती क्रमशः चिड़ै, चुनमुनी, गाछ, वृक्ष, सूर्य-तरेगण, चन्द्रमा, भूत-प्रेत आ कल्पनाक प्रतीक बनैत छथि। पृथ्वी बचयबाक काज संयुक्त रूपेँ करबाक बात उठैत अछि। ओम आ आस्था भगजोगनी बनि प्रकाशक संकेतसँ

एक-दोसराकेँ तकैत छथि। ई खेल आगाँ ऊर्जा, ताप आ प्रकाशपर बहसक आधार बनैत अछि।

भाग २ : विज्ञान आ कल्पना

वृद्ध नेकलाल अपन वैज्ञानिक प्रयोगमे प्रकाशक अपेक्षा अत्यधिक ताप उत्पन्न होयबाक बात करैत छथि। रामवती कम ऊर्जासँ प्रकाश उत्पन्न करबाक कल्पनाक महत्त्व बुझबैत छथि। सूर्य आ चन्द्रमाक भूमिकामे विजय-विजया तथा भगजोगनी बनल बच्चासभ शीतल प्रकाशक सम्भावनापर चर्चा करैत छथि। नेकलाल स्वीकार करैत छथि जे प्रकृतिक छोट जीवक विशेषताकेँ ओ समय रहते नहि बुझि सकलाह। गाछ बनल जयन्त-अपाला अपन एकाकी अवस्थाक कारण मनुष्य द्वारा वनक कटान बतबैत छथि। कागज, घर, कुर्सी-दरबज्जा आ अन्य वस्तु लेल गाछ काटल गेल, मुदा तकर अनुपातमे उपयुक्त गाछ नहि रोपल गेल। विदेशी गाछ, विशेषतः यूकेलिप्टस, द्वारा जमीनक पानि सोखबाक प्रसंग उठैत अछि। प्रकृतिक अवलोकन, कल्पना आ व्यवहारक अभाव विज्ञानक अपूर्णताक रूपमे सोझाँ अबैत अछि।

भाग ३ : प्रतिज्ञा

गाछसभ गीत आ नृत्यक माध्यमसँ भोजन, ताप, फल, फूल, छाँह आ साँसक सम्बन्ध बुझबैत अछि। काँट अपन रक्षाक साधन होइतहुँ कुल्हाड़ीसँ रक्षा नहि कऽ पबैत अछि। बीया पशुक केशमे फँसि दूर धरि जाइत अछि आ पराग कीटसभक सहायतासँ एक गाछसँ दोसर धरि पहुँचैत अछि। तथापि अन्धाधुन्ध कटान आ कल्पनाहीन विकासक कारण वनरहित भविष्यक आशंका गहिर होइत अछि। खोंखी, गीत आ जड़ि कटबाक बिम्बसँ पृथ्वीक संकट मंचपर आकार लैत अछि। अन्तमे आठू पात्र क्रमशः भगजोगनीक प्रकाश, रातिक अन्हार, देसी गाछ, बीया, ऊर्जा आ नव कल्पनाक संरक्षणक प्रतिज्ञा करैत छथि। दर्शकसभ सेहो प्रतिज्ञामे सम्मिलित होइत छथि। शीर्षकक विनाशसूचक कथन जड़ि बचयबाक सामूहिक संकल्पमे बदलि जाइत अछि।

३. दानवीर दधीची

मूल पोथी : पृ. ८९–१०१ | तीन दृश्य

नाटक दधीचीक दानकेँ ज्ञानक मुक्त वितरण, प्रतिज्ञाक पालन आ सत्यक रक्षासँ जोड़ैत अछि। मधुविद्याक पात्रता आ सत्ताक एकाधिकारक प्रश्न कथाक केन्द्रमे अछि।

प्रथम दृश्य

महर्षि दध्यङ आथर्वन दधीची अपन तपोवनमे योग्य जिज्ञासुक प्रतीक्षामे छथि। अपरिचित अतिथि पहिने मनोरथ पूर्ण करबाक वचन लैत छथि आ तकर बाद अपन परिचय देवराज इन्द्रक रूपमे दैत छथि। इन्द्र परमतत्त्वक उपदेश चाहैत छथि। दधीची हुनकर भोगासक्ति आ अहंकारक कारण पात्रतापर सन्देह करैत छथि, मुदा अपन प्रतिज्ञाक पालन लेल मधुविद्या दैत छथि। सभ पदार्थ एक-दोसराक उपकारी अछि, ई शिक्षाक संग दधीची भोगसँ विरत रहबाक आग्रह करैत छथि। इन्द्र अपन तुलना कुकुरसँ कएल गेल बुझि क्रुद्ध होइत छथि। ओ आन ककरो मधुविद्या देलापर दधीचीक मस्तक काटबाक धमकी दैत छथि।

दृश्य दू

आश्विन बन्धु दधीचीक आश्रममे आबि अपन सेवाकार्य आ मधुविद्याक पात्रताक चर्चा करैत छथि। च्यवन मुनिक उपचार, रोगी आ असहाय लोकक सेवा हुनका सभक योग्यता प्रमाणित करैत अछि। दधीची इन्द्रक धमकी बतबैत छथि, मुदा ज्ञान लुप्त होअय देबाक पक्षमे नहि छथि। आश्विन बन्धु अपन शल्यविद्यासँ हुनकर प्राण बचयबाक उपाय करैत छथि। घोड़ाक मस्तक धारण कऽ दधीची हुनका सभकेँ मधुविद्याक उपदेश दैत छथि। इन्द्र ओहि मस्तककेँ काटि दैत छथि, आ आश्विन बन्धु दधीचीकेँ पुनः हुनकर मूल मस्तक प्रदान करैत छथि। इन्द्र पश्चात्ताप करैत छथि। दधीची हुनका ज्ञानकेँ अधिकार नहि, सेवा बनयबाक सीख दैत छथि।

दृश्य तीन

वृत्र आ शम्बरक आक्रमणसँ संकटग्रस्त इन्द्र पुनः दधीचीक सहायता चाहैत छथि। दधीची कुरुक्षेत्र लग शर्यणा जलाशयमे राखल ओहि घोड़ाक मस्तकक विषयमे बतबैत छथि जाहिसँ ब्रह्मविद्याक उपदेश देल गेल छल। नाटकमे ओही मस्तकसँ वज्र आ अन्य आयुधक निर्माण तथा इन्द्रक विजय देखाओल गेल अछि। दधीची रक्षाकेँ शस्त्रक धर्म बतबैत छथि, दंभकेँ नहि। सूत्रधार वैदिक कथाक एहि रूप आ दधीचीक हड्डीसँ वज्र बनयबाक पौराणिक प्रचलित

रूपक अन्तर उपस्थित करैत छथि। नाटकक निष्कर्ष अछि जे दधीचीक महानता ज्ञान, सत्य आ प्रतिज्ञाक रक्षामे निहित अछि।

४. गंगा ब्रिज

मूल पोथी : पृ. ११४–१५० | आठ पल्लव; पाँच भागक शीर्षक सेहो मूलमे अछि

स्वतन्त्रताक बादक विकास-स्वप्न, अभियान्त्रिकी शिक्षा, ठेका-व्यवस्था, श्रमिकक प्राण आ सत्ताक गठजोड़ एहि नाटकक कथावस्तु थिक। मरम्मत होइत पुलक दृश्य अतीतक निर्माणकथाकेँ वर्तमानसँ जोड़ैत अछि।

पल्लव एक

भाग १ : सपना आ शुरुआत

गंगा ब्रिजक मरम्मत करैत मजदूर आ मजदूरक आवश्यकता बतबैत ढोलहो देनिहारसँ नाटक आरम्भ होइत अछि। डंका बजेनिहार दू लोक पुलक अल्प आयु, निर्माणक व्यय आ पुनः-पुनः मरम्मतक ठेका भेटबाक सम्बन्धपर प्रश्न करैत छथि। ठेकेदार, अभियन्ता आ राजनीतिक कमीशनक चर्चासँ विकासक वास्तविक स्वरूप खुलैत अछि। सरकार के थिक, सरकारी अधिकारी आ सामान्य लोकक सम्बन्ध की थिक, ई बहस उठैत अछि। विद्यालयक शिक्षक तिरंगा झण्डा लेने बच्चासभकेँ स्वतन्त्रताक उपलब्धि आ औद्योगिक विकासक स्वप्न बतबैत छथि। तीन बच्चामे सँ दू अभियन्ता बनबाक आकांक्षा रखैत अछि; तेसरक परिस्थिति भिन्न अछि। एक शिक्षक बड़का बान्ह आ उद्योगक पक्ष रखैत छथि, दोसर विकासक सामाजिक प्रभावक प्रश्न उपस्थित करैत छथि।

भाग २ : निर्माणक कठिनाइ

बच्चासभक शपथक बाद दृश्य समयमे आगाँ बढ़ैत अछि। अभियन्ता आ ठेकेदारक आभासी वार्तालापमे निर्माणक तकनीकी ईमानदारी आ कमीशनक द्वन्द्व अबैत अछि। अभियन्ता बालु चालब, सामग्रीक सही अनुपात आ गुणवत्तापर जोर देने छलाह। ठेकेदार कहैत अछि जे एहि मानकक पालन भेलापर कमीशन देब कठिन भऽ गेल। अभियन्ताकेँ बदली, वेतन बन्द होयब आ बच्चाक पढ़ाइ बाधित होयबाक दण्ड भोगय पड़ल। ठेकेदार अपन विवशता बतबैत अछि आ ईमानदार मुख्य अभियन्ता अयलापर फेर सही निर्माण करबाक इच्छा व्यक्त करैत अछि। मजदूरक हथौड़ी आ डंकाक ध्वनि एहि वार्तालापक बाद फेर वर्तमानमे लौटा दैत अछि।

पल्लव दू

अभियान्त्रिकी महाविद्यालयक दीक्षान्त समारोहमे शिक्षक देशक आर्थिक-मानसिक स्वतन्त्रता आ अभियन्ताक जनकल्याणकारी दायित्वक चर्चा करैत छथि। पैघ परियोजना बनाम स्थानीय परिस्थितिक अनुकूल निर्माणक प्रश्न उठैत अछि। मेडल पओनिहार अभियन्ता गुणवत्तापूर्ण काज, लोकक जीवन आ जलनिकासक चिन्ता करैत छथि। हुनकर मित्र सफलता, प्रभाव आ पदक वास्तविक राजनीति बुझबैत छथि।

भाग ३ : स्वार्थ आ समझौता

मित्रक मतमे साधारण परिवारसँ आयल अभियन्ताकेँ सत्ता प्राप्त करबाक अछि, जखन कि ओकरा अपन परिवारक विद्यमान सत्ता बचयबाक अछि। अभियन्ता एहि समझौताकेँ स्वीकार नहि करैत छथि। एहि दू दृष्टिकोणक चर्चा डंका बजेनिहार लोकसभ आगाँ बढ़बैत छथि। एक्के स्कूल, कॉलेज आ समाजसँ एहन दू तरहक विद्यार्थी निकलैत अछि—एक सत्ता बनबाक आकांक्षा रखैत अछि, दोसर लोकक पक्षमे रहबाक। घर-पड़ोस आ शिक्षाक प्रभावपर प्रश्न करैत दृश्य समाप्त होइत अछि।

पल्लव तीन

गाम लौटला अभियन्ताक स्वागत हुनकर माए, कनियाँ काकी आ ग्रामीण करैत छथि। माए पतिक अभावमे बेटाक कठिन अध्ययनक स्मरण करैत छथि। स्थानीय विधायक आवश्यक कागजपर हस्ताक्षर नहि कएने छलाह, तथापि अभियन्ता पढ़ाइ पूरा केलनि। ग्रामीण लेल गामक पहिल अभियन्ता बनब गर्वक विषय अछि। छोट पुल आ सड़क निर्माणक स्थानीय

योजना सोझाँ अबैत अछि। लोक अपन खेतक माटि दऽ श्रमदान करबाक लेल तैयार होइत छथि।

भाग ४ : बलिदान आ पतन

माए आ पत्नी अभियन्ताकेँ अपन प्राण तथा परिवारक चिन्ता करबाक आग्रह करैत छथि। अभियन्ता जनसमर्थन आ सत्यक प्रति निष्ठाकेँ अपन बल मानैत छथि। ग्रामीण कोदारि लऽ काजमे जुटैत छथि आ अभियन्ता नाप-जोख आरम्भ करैत छथि। एहि सामुदायिक निर्माणक दृश्य आगाँ आबयवला ठेका आ सत्ताक भ्रष्टाचारक विपरीत अछि।

पल्लव चारि

पटनामे मुख्यमंत्री मुख्य अभियन्तासँ गंगा नदीपर पुल निर्माणक लेल प्राप्त निधि आ निविदाक विषयमे बात करैत छथि। सार्वजनिक निविदाक औपचारिकताक भीतर अपन इच्छित ठेकेदार लेल बाट खोलबाक संकेत दैत छथि। मुख्यमंत्री जनतासँ भविष्यक विकास लेल बलिदानक आह्वान करैत छथि। मुख्य अभियन्ता कमीशनपर सहमति बनबाक सूचना दैत छथि। जनता बलिदान देबाक लेल तैयार अछि आ ठेकेदार कमीशन देबाक लेल—दुनूक ठहक्का एहि विरोधाभासकेँ तीक्ष्ण बनबैत अछि। सक्षम अभियन्ताक नियुक्ति सेहो एहि व्यवस्थाक आवश्यकता मानल जाइत अछि।

पल्लव पाँच

निर्माणस्थलपर अभियन्ता घटिया सामग्री, सुरक्षाक अभाव, श्रमिकक मृत्यु, घायलक उपचार आ आश्रित परिवारक अनुकम्पाक प्रश्न उठबैत छथि। ओ एक मासमे तीस आ एक वर्षमे तीन सए श्रमिकक मृत्युक उल्लेख करैत छथि; मात्र दस परिवार लेल अनुकम्पाक अनुशंसाक चर्चा होइत अछि। मुख्य अभियन्ता एहि तथ्यक सार्वजनिक भेला पर राजनीतिक आ कानूनी संकट होयबाक डर देखबैत छथि। अभियन्ता सम्मानक हिस्सा लेबाक बदला मृत्यु आ भ्रष्टाचारक जिम्मेदारीसँ अलग रहय चाहैत छथि। समयसँ पहिने पुलक मरम्मत शुरू भेलाक उदाहरण दऽ ओ विकासक गुणवत्ता पर प्रश्न करैत छथि। अपन कागजक प्रतिलिपि सुरक्षित रखबाक बात कहैत छथि। मुख्य अभियन्ता चुनाव आ जनसमर्थनक कारण बदली करबाक असमर्थता बतबैत छथि आ अन्तमे हुनका बाट बदलबाक चेतावनी दैत छथि।

पल्लव छअ

मुख्यमंत्री आ मुख्य अभियन्ता ईमानदार अभियन्तासँ छुटकारा पयबाक उपायपर विचार करैत छथि। बदली, भ्रष्टाचारक आरोप, प्रत्यक्ष हत्या आ आत्महत्याक झूठा प्रचारक सम्भावना उठैत अछि। अभियन्ताक ईमानदारी आ लोकसमर्थन एहि सभ उपायमे बाधा बनैत अछि।

भाग ५ : स्मृति आ प्रश्न

दुनू सत्ताधारी हत्याकेँ दुर्घटनाक रूप देबाक षड्यन्त्र रचैत छथि। मुख्य अभियन्ता अपन पूर्व सहपाठीक क्षमता आ मित्रताकेँ स्मरण करितो कुर्सीक हितकेँ प्रधानता दैत छथि। निजी परिचय आ शिक्षाक साझा आदर्श सत्ता-स्वार्थक सोझाँ पराजित होइत अछि।

पल्लव सात

अभियन्ताक शवक सोझाँ हुनकर पत्नी, बच्चा, माए, पैघ भाए आ ग्रामीण विलाप करैत छथि। दुर्घटनाक सरकारी कथनपर ग्रामीण सन्देह व्यक्त करैत छथि। पत्नी कागजक गवाहीक बदला बच्चाक आँखि, माटि आ पुलक दरारिक गवाहीक बात करैत छथि। बाल्यकालक तेसर बच्चा आब मजदूर बनि लौटैत अछि। भदोहीमे छलसँ लऽ जा कऽ कठोर श्रम आ मारपीटक शिकार बनयबाक अनुभव ओ सुनबैत अछि। अभियन्ताक हत्या सुनि ओ अपन आ आन श्रमिकक उद्धारक प्रश्नसँ फेर जूझैत अछि। श्रमिकक असुरक्षा आ अभियन्ताक मृत्यु एक्के व्यवस्थाक दू परिणामक रूपमे सोझाँ अबैत अछि।

पल्लव आठ

सेवानिवृत्त मुख्य अभियन्ताक लिखल ‘गंगा ब्रिज’ नामक पोथीक लोकार्पण पूर्व मुख्यमंत्री करैत छथि। ओ मुख्य अभियन्ताक ईमानदारी आ पुल निर्माणक बड़ाइ करैत छथि। मुख्य अभियन्ता इतिहासमे किछु अप्रिय घटनाकेँ छोड़बाक औचित्य प्रतिपादित करैत छथि। पोथीक परिशिष्टमे तीस मृतकक नाम देल गेल अछि, जखन कि पूर्व पल्लवमे वास्तविक मृत्यु-संख्यापर गम्भीर विवाद छल। मजदूर पुछैत अछि जे मारल गेल लोकसभक विवरण कतय भेटत। फेर मरम्मत लेल मजदूरक ढोलहो सुनाइ दैत अछि। नाटक आरम्भक ठक-ठुक पर घुरि अबैत अछि। ईमानदार अभियन्ता द्वारा जगाओल आशा आ ओकर हत्या लोकस्मृतिक प्रश्न बनि रहि जाइत अछि, जखन कि सत्ताधारी आत्मप्रशंसामे मग्न छथि।

५. जलोदीप

मूल पोथी : पृ. १८३–२०५ | पूर्वदृश्य; पाँच अङ्क, प्रत्येकमे दू दृश्य

बाढ़िमे परिवार गमओनिहार बच्चाक अनुभवसँ जलनिकासी, राहत, निर्माणक जवाबदेही आ लोकभागीदारीक कथा विकसित होइत अछि।

पूर्वदृश्य

चारू दिस पानि आ बचाउ-बचाउक पुकार अछि। एक बच्चा बाढ़िसँ निकलि हाथ बढ़बैत अछि। ओ अपना सुरक्षित होयबाक बात कहैत अछि, मुदा परिवारक विषयमे ओकर वाक्य पूरा होयबासँ पहिने अन्हार पसरि जाइत अछि। एहि अधूरा वाक्यक अर्थ पहिल अङ्कमे खुलैत अछि।

अङ्क १ : बाढ़िक अन्हार

दृश्य १

लोक ऊँच ठाम आश्रय लय दौड़ैत छथि। छहर आ बान्हपर पानिक दबावक चर्चा होइत अछि। झंझारपुर दिस बान्ह टूटबाक आ अपन इलाका बचयबाक लेल दोसर दिसक बान्ह काटि देबाक अफवाह अबैत अछि; ओकर सत्यतापर सन्देह सेहो व्यक्त होइत अछि। नाव, रस्सी, लालटेन आ सूखल अन्नक अभाव अछि। नाव कागजपर किनल गेल छल, मुदा गाम नहि पहुँचल। एहि परिस्थितिमे बच्चा आ वृद्धसभकेँ बचयबाक प्राथमिकता सोझाँ अबैत अछि।

दृश्य २

चौकीपर चौकी गेटि चारि बच्चा आश्रय लेने अछि। तीन बच्चा खेलैत अछि, मुदा चारिम अपन घरक लोक बाढ़िमे गमा देबाक कारण शोकाकुल अछि। ओकर घरक दीवार सुरक्षित अछि, परिवार नहि। साथीसभ ओकर इच्छानुसार खेल खेलबाक प्रस्ताव रखैत अछि। ओ बाढ़िक कारणकेँ दैवी विधान नहि, मानवीय काजक परिणामक रूपमे देखैत अछि आ बान्ह तथा ऊँच सड़ककेँ पहाड़ मानि खेल आरम्भ करबाक प्रस्ताव दैत अछि।

अङ्क २ : पहाड़क खेल

दृश्य १

कटोरी, लोटा, कपड़ा, माटिक ढेला, काठी आ थारीसँ बच्चासभ नदी, गाम, खेत, बान्ह आ राजमार्गक नक्शा बनबैत अछि। नक्शापर पानि ढारलापर सड़कक एक दिस पानि अटकि जाइत अछि। बच्चासभ देखैत अछि जे पर्याप्त निकास नहि रहने सड़क गामकेँ जोड़बाक बदला बाँटि सकैत अछि। गलत स्थानपर बनल वा गाद-कूड़ासँ बन्द पुलिया पानिक राह नहि दऽ सकैत अछि। खेलमे बान्ह पहाड़ आ गाम घाटीक रूप लैत अछि।

दृश्य २

तीन लोक बच्चासभक खेल देखैत छथि। पहिने हँसी करैत छथि, फेर अपन खेतमे सड़कक कारण पानि अटकबाक वास्तविक अनुभव बतबैत छथि। पंचायतमे जलनिकासक व्यवस्था होयबाक दावा कएल गेल छल, मुदा नालाक मुँह बन्द छल। चारिम बच्चा अपन पिताक बात स्मरण करैत अछि जे सड़क आ बान्ह बनबैत काल नदीक प्राकृतिक साँस नहि रोकबाक चाही। एहि तरहें खेल लोकक अनुभवक परीक्षण बनैत अछि।

अङ्क ३ : लोकक खेल

दृश्य १

मुखिया राहत लेल क्षतिग्रस्त परिवारक सूची बनयबाक घोषणा करैत छथि। भीड़ तत्काल नाव, भोजन आ दवाई चाहैत अछि। ठेकेदार बाढ़िक कारण असाधारण वर्षा बतबैत छथि। ग्रामीण पाँच वर्षमे बेर-बेर बाढ़ि आ कागजी मरम्मतक प्रश्न उठबैत छथि। बच्चासभ बन्द पुलिया, पानिमे डूबल घर आ गलत नक्शाकेँ जमीनपर देखाइत प्रमाणक रूपमे सोझाँ रखैत अछि। भीड़ पानिक बाट खोलबाक माँग करैत अछि।

दृश्य २

अभियंता बुझबैत छथि जे नदीक पुरान बाट बन्द होयब, पोखरि भरब, निचला भूमिपर बसावट, ऊँच सड़क आ अपर्याप्त जलनिकास मिलि बाढ़िक जाल बनबैत अछि। समाधान बिना बुझने बान्ह वा सड़क काटब नहि, वरन् समुचित योजना, प्राकृतिक जल-विस्तारक स्थान, पर्याप्त पुलिया आ नालाक नियमित सफाइ थिक। गामक लोक निर्माणक मानक,

संख्या आ रखरखावक जाँच कऽ सकैत छथि। स्थानीय अनुभव आ अभियान्त्रिक ज्ञानक मेलक प्रस्ताव अबैत अछि।

अङ्क ४ : जलोदीप

दृश्य १

रातिमे पानिक आवाजक बीच बच्चासभ अन्हारसँ डरैत अछि। ओ सभ तैरैत दीप जरयबाक उपाय करैत अछि। चारू दीप क्रमशः घर, फँसल वृद्ध, डूबल खेत आ चारिम बच्चाक पिताक स्मृतिसँ जुड़ैत अछि। दीप केवल उजास नहि, पानिक बाट नहि रोकबाक सन्देशकेँ मोन रखबाक माध्यम बनैत अछि।

दृश्य २

जलोदीपक उजास दिस ग्रामीण अबैत छथि। मुखिया स्वीकारैत छथि जे बाढ़ि गेलाक बाद समस्या बिसरि जायब अनुचित अछि। राहत, जल-पथक नक्शा, सड़क-बान्हक निरीक्षण, सार्वजनिक निर्माणक हिसाब, बच्चाक सुरक्षा-शिक्षा, नालामे कूड़ा नहि फेकब, बरखा पूर्व सफाइ आ विकासमे जलनिकासक अनिवार्यता—आठ गोट संकल्प बनैत अछि। लोकसभक करुणा सामूहिक निर्णयमे परिणत होइत अछि।

अङ्क ५ : नबका बिहान

दृश्य १

भोरमे पानि कनेक कम अछि। रस्सी, दवाई आ भोजनक टोली बनैत अछि। अभियंता वृद्ध लोकसँ नदीक पुरान बाट पूछि नक्शा बनयबाक निर्णय करैत छथि। ग्रामीण गाद हटयबाक, तारीख सहित फोटो सुरक्षित करबाक आ भविष्यक निर्माणसँ पहिने निकास तथा रखरखावक हिसाब देखबाक संकल्प करैत छथि। ठेकेदार कमी देखबाक आश्वासन दैत छथि; चारिम बच्चा कमी सुधारबाक आग्रह करैत अछि।

दृश्य २

बच्चासभ फेर नक्शा बनबैत अछि, मुदा एहि बेर नदीक बाट खुलल अछि, सड़कक नीचाँ चौड़ा निकास, बान्हक संग निगरानी, पोखरि आ ऊँच आश्रय-स्थल अछि। जलोदीप स्मृतिक प्रतीक बनैत अछि। पानि अथवा विकास अपनेमे शत्रु नहि; अवरुद्ध जलपथ आ अन्ध विकास

संकट उत्पन्न करैत अछि। बच्चा आ भीड़ दीपक संग मंचपर आगाँ अबैत अछि। शोकसँ आरम्भ भेल कथा सामूहिक सुधारक दिशामे बढ़ैत अछि।

६. कमलाक भगता

मूल पोथी : पृ. २२९–२३९ | सूत्रधारक भूमिका आ दू दृश्य

सूत्रधारक भूमिका

सूत्रधार संस्कृत साहित्यक एक प्रसिद्ध कथापर आधारित छोट बाल नाटकक परिचय दैत छथि। ककरो काजक कारण बुझने बिना ओकर नकल नहि करबाक प्रश्न उठबैत छथि।

दृश्य १

एक भिखमंगा गाममे घुमि पुरान कपड़ा, अन्न आ पैसा माँगैत अछि। एक वृद्धा ओकरा कपड़ा आ भोजन दैत छथि; एक नव कमौनिहार पैसा दऽ मेहनतिक मोल बुझबैत छथि। घरपर भिखमंगा अपन अर्जित पैसा गनैत अछि। अनेक वर्षक बचत एक चुकड़ीमे जमा भेल अछि। ओ कमलाक भगता बनि जनकपुर जाय चाहैत अछि। एहि यात्रामे ओकर बचत आ आस्था दुनू संग अछि।

दृश्य २

कमला नदीक तटपर स्नानसँ पहिने भिखमंगा अपन पाइक चुकड़ी बालुमे नुकबैत अछि। पहचान लेल ओ ओहि स्थानपर बालुक शिवलिंग बना दैत अछि। स्नानार्थी लोक ओकर निजी चिह्नकेँ धार्मिक विधि मानि अपन-अपन शिवलिंग बनय लगैत छथि। कियो कारण नहि पुछैत छथि; कियो पहिले करैत छल, एहि आधारपर नकल बढ़ैत जाइत अछि। स्नानसँ घुरल भिखमंगा अनेक एकरूप शिवलिंगमे अपन बचतक स्थान नहि चीन्हि पबैत अछि। भीड़क चुप्पीमे अपन गलतीक बोध होइत अछि। सूत्रधार बतबैत छथि जे कारण बुझने बिना निजी काजकेँ सामूहिक विधान बना देलासँ हानि होइत अछि। भिखमंगा आ स्नानार्थी अपन-अपन सोच व्यक्त करैत छथि। अन्तिम सामूहिक कथन प्रश्न, समझ आ तकर बाद कर्मक पक्षमे अछि; नाटक भक्ति नहि, अन्धानुकरणक आलोचना करैत अछि।

७. मचण्ड

मूल पोथी : पृ. २५०–२७० | चारि अङ्क

तमिलभाषी मुतालिफ, भाषा-अनुवादक, खुफिया अधिकारी आ आतंकी नेतृत्वक बीच भाषाक दूरी, न्याय, बेरोजगारी, मादक पदार्थक कारोबार आ राज्य-व्यवस्थाक प्रश्न उठैत अछि।

अङ्क १

अदालतक हाजतमे मुतालिफकेँ खुफिया अधिकारी भोजनक पैकेट पठबैत छथि। मुतालिफ स्थानीय भाषा नहि बुझैत अछि; अनुवादक ओकर प्रश्न आन लोक धरि पहुँचबैत अछि। आरोपक बीच सहायताक अप्रत्याशित व्यवहार ओकरा चकित करैत अछि। अदालतमे ओकर विरुद्ध मादक पदार्थक आरोप अछि। अधिकारी मानैत छथि जे मुतालिफ मुख्य अपराधी नहि, तस्कर हबीबुल्लाक जालमे फँसल एक साधारण युवक अछि। ओ न्यायिक प्रक्रियामे ओकर पक्ष बुझल जाय, से चाहैत छथि। अपन वरिष्ठ अधिकारीसँ बातचीतमे शतरंजक पाँव-पैदलक बिम्ब आ लुल्हाक बाबाधाम यात्राक प्रसंगक माध्यमसँ साधारण मनुष्यक महत्त्व प्रतिपादित करैत छथि। हुनकर दृष्टिमे देश केवल सत्ताधारी नहि, मुतालिफ आ लुल्हा सन लोक सेहो थिक। हबीबुल्लाक विरुद्ध पर्याप्त प्रमाण नहि भेटबाक बातसँ आतंकी नेतृत्वक पूछताछक प्रसंग आगाँ बढ़ैत अछि।

अङ्क २

खुफिया अधिकारी आ बन्दी आतंकी लीडरक बीच दीर्घ बहस होइत अछि। लीडर सरकारी कार्यालयक भीतरसँ सूचना भेटबाक दावा करैत अछि। अधिकारी मिजोरम शान्ति-समझौता आ लालडेंगाक उदाहरण दऽ शस्त्रक बदला समझौता तथा जनताक भविष्यक पक्ष रखैत छथि। लीडर सरकारी आश्वासनपर अविश्वास आ रोजगारक असमान अवसरक प्रश्न उठबैत अछि। अधिकारी बेरोजगार युवकक शोषण तथा मादक पदार्थक कारोबारसँ हुनकर भविष्य नष्ट होयबाक विरोध करैत छथि। लीडर अधिकारीक दयाकेँ संगठनक प्रति सहानुभूति मानि हुनका उच्च पद देबाक प्रस्ताव करैत अछि। अधिकारी एकरा अस्वीकार करैत छथि। बहस ‘मचण्ड’ शब्दक प्रयोग दुनू पक्ष लेल कएल जायबासँ चरमपर पहुँचैत अछि; सिद्धान्त आ हिंसाक सम्बन्धक प्रश्न अनुत्तरित रहैत अछि।

अङ्क ३

अधिकारी अपहृत भऽ अचेत अवस्थासँ होशमे अबैत छथि। मुक्त भेल मुतालिफ अनुवादकक संग उपस्थित अछि। ओ कहैत अछि जे जेलसँ बाहर अयलापर अधिकारी सन बनय चाहैत छल, मुदा पुलिस, पत्रकार, गामक बेरोजगारी आ आरोपक सामाजिक कलंक ओकरा ओहि मार्गपर चलय नहि देलक। अधिकारीक पूर्व धारणा डगमगाइत अछि। मुतालिफक दृष्टिमे मुख्य खिलाड़ी आ फँसल खिलाड़ीक अन्तर सामाजिक बहिष्कारक बाद अत्यन्त जटिल भऽ जाइत अछि। अधिकारीकेँ फेर अचेत कऽ छोड़ि देल जाइत अछि। होश अयलापर ओ स्थानीय पुलिसक सहायतासँ अपन विभागसँ सम्पर्क स्थापित करैत छथि।

अङ्क ४

अधिकारी अपन पहिल यात्राकेँ निरर्थक मानैत छथि। वरिष्ठ अधिकारी कहैत छथि जे मुतालिफ हुनकर प्राण बकसि हुनका पराजित कएलक। अधिकारी मुतालिफक कथन स्मरण करैत छथि आ एहि अनुभवमे एकटा कथाक कथानक देखैत छथि, जाहिमे मुतालिफ नायक भऽ सकैत अछि। मुदा नायक बनब आ बचि जायब एक बात नहि थिक। पहिल अङ्कक भोजनक पैकेट अन्तिम दृश्य धरि करुणा आ मानवीय गवाहीक प्रतीक बनि रहैत अछि। नाटक न्याय आ सुरक्षाक प्रश्नकेँ केवल गिरफ्तारी वा विजयमे समाप्त नहि करैत अछि।

८. संकर्षण

मूल पोथी : पृ. २८८–३३४ | उपक्रम; पाँच कल्लोल, अठारह अङ्क

उपक्रम

संकर्षण अपन सामाजिक प्रतिष्ठा बढ़यबाक लेल अपमानकेँ सत्कार, भयकेँ बुद्धिमत्ता आ ठकानकेँ उपलब्धि कहैत छथि। गामसँ दिल्ली धरिक यात्रामे हुनकर बनौटी आत्मविश्वास क्रमशः टूटैत अछि। उपक्रममे दिल्लीक चोर-बजारक जुत्ताकेँ हुनकर आत्मबोधक निमित्तक रूपमे चिह्नित कएल गेल अछि।

पहिल कल्लोल : प्रतिष्ठाक बीआ

अङ्क १ : कलक्टरक बहन्ना

भाष्कर दलानपर बैसल छथि। संकर्षण जिला कार्यालयमे अटकल काजक समाधान करा देबाक दाबी करैत छथि। कलक्टरसँ अपन घनिष्ठता, घंटो बैसारी आ हुनकर आग्रहक वर्णन करैत छथि। मुदा कलक्टरक नामक आगाँ लिखल भारतीय प्रशासनिक सेवाक संक्षिप्त रूपकेँ नामक अंश बुझैत छथि। भाष्कर हुनका ओकर अर्थ बुझबैत छथि। संकर्षणक प्रभावक दाबी आ वास्तविक परिचयक अभावक बीचक अन्तर एतहिसँ स्पष्ट होय लगैत अछि।

अङ्क २ : बंगाली बाबूक सीख आ कलक्टरक चैम्बर

भाष्करक बाबूजीक संगी आ बंगाली बाबूक बातचीतमे कठिन समयमे सहायता माँगय आयल व्यक्तिक प्रति सहानुभूतिक आवश्यकता अबैत अछि। काज पड़लापर आयल लोककेँ पूर्व परिचय वा आवाजाहीक हिसाबसँ अपमानित नहि करबाक सीख देल जाइत अछि। तकर बाद कलक्टरक कार्यालयक दृश्य अबैत अछि। भाष्कर कलक्टरसँ काजक गप कऽ रहल छथि। संकर्षण बिना अनुमति चैम्बरमे पैसि जाइत छथि आ कलक्टर हुनका बाहर जाय लेल कहैत छथि। ओ स्टेनोक कक्षमे बैसि रहैत छथि। भाष्कर एहि अपमानक साक्षी छथि, मुदा संकर्षण हुनका चीन्हि नहि पबैत छथि।

अङ्क ३ : तीन टा कारी कुकुरक खिस्सा

गाम लौटि संकर्षण दावा करैत छथि जे कलक्टर हुनका आग्रहपूर्वक रोकने छलाह। भाष्कर तीन कारी कुकुरक कथा सुनबैत छथि। जिलेबी खयबाक लोभमे एक-एक कऽ तीनू मधुरक दोकान जाइत अछि। पहिलकेँ बटखरासँ चोट लगैत अछि, दोसरपर गरम पानि फेकल जाइत अछि आ तेसर पिटाइ सहैत अछि। मुदा प्रत्येक अपन संग घटल दुर्व्यवहारकेँ मित्रक समक्ष बड़ सत्कार कहैत अछि। एहि बीच दोकानदार सेहो शिवलिंग द्वारा दूध पीबाक अफवाहक समय अपन प्रतिष्ठा बचयबाक लेल असत्य कहैत अछि। भाष्कर संकर्षणकेँ बतबैत छथि जे ओ स्वयं कलक्टरक चैम्बरमे उपस्थित छलाह। संकर्षण लज्जित भऽ ई घटना गाममे नहि कहबाक आग्रह करैत छथि। अन्तमे दुनू मित्र भुज्जा खाइत छथि।

दोसर कल्लोल : झूठ जड़ि पकड़ैत अछि

अङ्क १ : पसीझक काँटक दंभ

जयरामक बच्चा ननकिड़बाक बोखार आ रद्द-दस्तक समाचार सुनि संकर्षण पसीझक काँटक रस पिययबाक सलाह दैत छथि। ओ अपन ज्ञानपर एतेक भरोस करैत छथि जे बिना योग्यताक उपचार सुझबैत छथि। नित्या काका जयरामकेँ रोकैत छथि। ओ स्मरण करबैत छथि जे ओही पदार्थसँ संकर्षण पहिने पोखरिक माछ मारि देने छलाह। नित्या काका बच्चा लेल उचित औषधि अनयबाक मार्ग सुझबैत छथि। संकर्षणक दंभ एतय आनक जीवनकेँ संकटमे डालि सकैत अछि।

अङ्क २ : पंचैतीक दण्ड

डीहपर महीँस चरबैत संकर्षण गामक समाचार पुछैत छथि। हुनका बुझाओल जाइत अछि जे डिहबारक स्थानपर पंचैती बैसल अछि। पंचसभ हुनकर अनुचित सलाहक निन्दा करैत छथि आ दण्ड लगबैत छथि। संकर्षण अपन गलती स्वीकार करैत छथि, कंठी लेबाक आ दोसर दिन धरि दण्ड चुकयबाक वचन दैत छथि। मुदा एहि स्वीकृतिक गहराइ अगिला अङ्कमे परीक्षित होइत अछि।

अङ्क ३ : कंठी हाथमे, कोदारि हाथमे

खेत दिस जाइत संकर्षण आरीपर एकटा रोहु देखैत छथि आ कोदारिसँ ओकरा दू टुकड़ा कऽ दैत छथि। कंठी धारण कएने संकर्षणकेँ माछ लऽ जाइत देखि गोनर प्रश्न करैत छथि। संकर्षण पहिले सम्बन्धक सम्बोधनपर आपत्ति करैत छथि, फेर तर्क दैत छथि जे माछ खायब छोड़ने छथि, मारब नहि। बाहरी धार्मिक आचरण आ वास्तविक व्यवहारक अन्तर एहि हास्यपूर्ण प्रसंगमे प्रकट होइत अछि।

अङ्क ४ : टेलीफोन डायरीक भय

गोनर झा टेलीफोन डायरीमे एक नम्बर ताकि रहल छथि। संकर्षण हुनका डराबैत छथि जे एतेक नम्बर राखलापर पुलिस सन्देह कऽ सकैत अछि आ आतंकवादी कहि जेल पठा सकैत अछि। गोनर भयभीत भऽ अपन डायरी फाड़ि दैत छथि। संकर्षणक निराधार कथन दोसर मनुष्यक सामान्य व्यवहार आ उपयोगी सम्पर्कक विवरण नष्ट कऽ दैत अछि।

तेसर कल्लोल : बियाह आ बड़ाइक बजार

अङ्क १ : घटकक चिकनी बात

संकर्षणक पिताक दलानपर घटकसभ अबैत छथि। ओ सभ हुनकर रूप-रङ्गक बड़ाइ कऽ वैवाहिक सम्बन्धक अनेक सम्भावना देखबैत छथि। चूड़ा-दही-मधुर आ शरबतसँ हुनका सभक सत्कार होइत अछि। दिल्लीसँ लाल काकाक फोन आबि एक कन्यागतक आगमनक सूचना भेटैत अछि। परिवारक प्रतिष्ठा-मोह आ घटकक अतिशयोक्तिपूर्ण वचन विवाहक सामाजिक व्यवहारकेँ हास्यक रूप दैत अछि।

अङ्क २ : सासुरसँ आगमन आ रङ्गक दंभ

सासुरसँ लौटला संकर्षणसँ गोनर हुनकर कनियाँक विषयमे पुछैत छथि। संकर्षण पत्नीक सौन्दर्यक तुलना चलचित्रक अभिनेत्री हेमामालिनीसँ करैत छथि, मुदा बेर-बेर कहैत छथि जे कनियाँक रङ्ग हुनकासँ कनेक गहिर छन्हि। एहि तुलनामे पत्नीक सौन्दर्यक प्रशंसासँ बेसी अपनाकेँ श्रेष्ठ देखयबाक प्रवृत्ति प्रकट होइत अछि।

अङ्क ३ : गोबर आ दुलारक प्रश्न

गोनर गोबर काढ़ि रहल छथि। ओ संकर्षणसँ पुछैत छथि जे हुनको घरमे ई काज करय पड़ैत छन्हि अथवा नहि। पत्नी उपस्थित रहने संकर्षण तत्काल उत्तर नहि दैत छथि। असगर भेटलापर ओ विवाहमे पाइ देबाक पुरान प्रथाक चर्चा कऽ दावा करैत छथि जे हुनका पाइ नहि देबय पड़ल, तैं कनियाँ ओतेक दुलारू नहि छथि आ हुनका गोबर काढ़य नहि पड़ैत छन्हि। नेपथ्यसँ पत्नीक स्वर हुनकर दंभक प्रतिवाद करैत अछि।

अङ्क ४ : गुरक चाह आ जगन्नाथक कुसियार

गोनर सर्दीक समय गुरक चाह पीबाक आग्रह करैत छथि। संकर्षण गोनरक तीर्थमे एक फल छोड़बाक पूर्व कथनक अनुकरण करैत छथि। ओ कहैत छथि जे जगन्नाथपुरीमे कुसियार छोड़ने छथि, तेँ कुसियारसँ बनल गुरक चाह नहि पीबि सकैत छथि; चुकन्दरक चीनी बला चाह चाही। एहि प्रसंगमे प्रतिष्ठा लेल धार्मिक निषेधक बनौटी प्रदर्शन हास्य उत्पन्न करैत अछि। समय बीतैत अछि आ दुनू मित्र उमेरगर भऽ जाइत छथि।

अङ्क ५ : बेटाक पलायन

संकर्षणक जवान बेटा घर छोड़ि भागि जाइत अछि। ओ लाल काका द्वारा विवाह कराओल जयबाक स्मरण करैत छथि, मुदा विवाहक बाद परिवारक जिम्मेदारीक वास्तविकता सोझाँ अबैत अछि। गोनर अनुमान करैत छथि जे बेटा दिल्ली गेल होयत। संकर्षण बेटाकेँ ताकय आ आवश्यकता पड़ला पर अपने नोकरी तकबाक लेल दिल्ली जायबाक निर्णय करैत छथि। पहिल बेर हुनकर कथनमे आत्मप्रशंसाक स्थानपर थकान आ असहायता देखाइत अछि।

चारिम कल्लोल : शहरक आइना

अङ्क १ : ट्रेनमे तीन टा बौआ

संकर्षण जनकपुरसँ जयनगर होइत दिल्लीक ट्रेन पकड़ैत छथि। भीड़मे एक वृद्धा हुनका बौआ कहि सीटमे कनेक ठाम माँगैत छथि। संकर्षण अपनेकेँ बौआ नहि, तीन बौआक पिता बतबैत छथि। गामक प्रतिष्ठा देखेबाक हुनकर आदति अनजान यात्रिक बीचो चलैत अछि, मुदा एतय ओकर कोनो विशेष प्रभाव नहि पड़ैत अछि।

अङ्क २ : अलीगढ़मे पुलिस-चेकिंग

अलीगढ़मे पुलिस हुनकर सामानक जाँच करैत अछि। लाल काका लेल पत्नी द्वारा देल खेसारीक बिड़ियाकेँ पुलिस मादक पदार्थ बतबैत अछि। संकर्षण अपन निर्दोषता स्पष्ट करबाक प्रयास करैत छथि, मुदा डर देखाओल जाइत अछि आ दिल्लीमे बससँ घर पहुँचबाक लेल जरूरी किछु पैसा छोड़ि शेष रकम लऽ लेल जाइत अछि। जे संकर्षण गोनरकेँ पुलिसक नामपर डरा देने छलाह, से स्वयं पुलिसक भय आ अन्यायक शिकार बनैत छथि।

अङ्क ३ : लाल काकाक घर

दिल्लीमे लाल काकाक घर फोनसँ समाचार अबैत अछि जे संकर्षणक बेटा गाम घुरि गेल अछि। लाल काकी हुनका पसीझक काँट जकाँ अनुचित हँसी नहि करबाक शपथ लेबबैत छथि। संकर्षण स्वीकार करैत छथि जे हुनकासँ नोकरी नहि होयत आ गाम घुरबाक इच्छा व्यक्त करैत छथि। लाल काकी दिल्ली घुमि लाल किला देखबाक सुझाव दैत छथि। ट्रेनक अपमानक बाद हुनकर दंभ कमजोर भेल अछि, मुदा आत्मबोध पूर्ण नहि भेल अछि।

पाँचम कल्लोल : आत्मबोधक जुत्ता

अङ्क १ : चोर-बजारक ठकान

लाल किलाक पाछाँ रविदिन लगयवला चोर-बजारमे संकर्षण एक जोड़ी जुत्ता देखैत छथि। विक्रेता जुत्ताकेँ पैघ लोकक योग्य आ संकर्षणक सामर्थ्यसँ बाहर कहि हुनकर अहंकारकेँ उकसबैत अछि। घर जनकपुर बुझलापर विक्रेता पड़ोसीक सम्बन्धक बहन्नासँ दाम घटबैत अछि। संकर्षण साढ़े तीन सए टाकामे जुत्ता किनैत छथि आ विक्रेताक पड़ोसीभावक प्रशंसा करैत छथि। वास्तवमे ओ अपन प्रतिष्ठा-मोहक कारण ठकाइत छथि।

अङ्क २ : सोलक भीतर छिपल सत्य

गाम लौटि संकर्षण जुत्ताकेँ अनमोल वस्तु मानि पानिसँ बचबैत छथि। कनेक दिन पहिरलाक बाद ओकर सोल अलग भऽ जाइत अछि आ हुनका जुत्ता सिअबय पड़ैत छन्हि। गोनरक सोझाँ ओ दिल्लीमे ठकयबाक बात स्वीकार करैत छथि। अपन मैथिल बुद्धिमत्ताक दंभ आ दिल्लीक विक्रेताक चातुरीक तुलना करैत छथि। एहि बेर अपन चोटकेँ सत्कार नहि कहि ओ बुझैत छथि जे ठकान असलमे हुनकर घमण्डमे लगल छन्हि। गोनर हुनकर उपहास नहि करैत छथि।

अङ्क ३ (उपसंहार) : सूत्रधारक अन्तिम शब्द

सूत्रधार संकर्षणकेँ केवल एक गामक व्यक्ति नहि, सामान्य मनुष्यक भीतर नुकायल प्रतिष्ठा-मोहक प्रतिनिधि मानैत छथि। कलक्टरक अपमान, पसीझक काँट, कंठी, गोबर, पुलिसक भय आ जुत्ताक ठकान सभक बीच एक सूत्र अछि—सत्यकेँ स्वीकार नहि करबाक प्रवृत्ति। अन्तिम स्वीकृति संकर्षणक परिवर्तनक पहिल डेग थिक। नाटक दर्शककेँ अपन जीवनमे एहन व्यवहारक पहचान करबाक प्रश्न दऽ समाप्त होइत अछि।

९. उल्कामुख

मूल पोथी : पृ. ३८०–४४८ | सूत्रधार आ पात्र-परिचय; सात कल्लोल

सूत्रधार आ पात्र-परिचय

सूत्रधार गंगेश आ वल्लभाक प्रेमकेँ नाटकक मूल विषय बतबैत छथि। ई प्रेम स्मरण-विस्मरण, कविता-दर्शन आ सामाजिक विभाजनक संघर्षसँ जुड़ल अछि।

तत्त्वचिन्तामणिकारक रूपमे गंगेशक प्रसिद्धि आ हुनकर काव्यक विस्मृतिक प्रश्नसँ उल्कामुखक बिम्ब विकसित होइत अछि। पहिल चारि कल्लोलमे शतरंजक आकृतिक घन कल्पना, भूतकाल आ स्मृतिक संघर्षकेँ धारण करैत अछि। आगाँ गोलाकार पिण्ड आ बदलल पात्रनामक संग कथा सामाजिक यथार्थक रूप ग्रहण करैत अछि।

पहिल कल्लोल

शतरंजक घन आ गीदरक ध्वनिक बीच गंगेश आ वल्लभा वार्तालाप करैत छथि। गंगेश अपनेकेँ ऋषि नहि, साधारण विद्यार्थी मानैत छथि। वल्लभा हुनकर प्रतिभा, चर्मकार टोलसँ अपनत्व आ समाजमे जन्मक आधारपर उठाओल जायवला प्रश्नक चर्चा करैत छथि। सत्यकामक प्रसंगसँ ज्ञानक अधिकारी होयबाक प्रश्न उठैत अछि। गंगेश आ राजकुमारी वल्लभाक प्रेम सामाजिक जाति-सीमाक प्रतिरोधक रूप ग्रहण करैत अछि। गंगेश वल्लभाक कवित्व, गीत आ प्रेमकेँ अपन बौद्धिक जीवनक अभिन्न अङ्ग मानैत छथि।

वल्लभा दीना-भदरीक लोकगाथा गबैत छथि। श्रम, अन्याय, संघर्ष, मृत्युक बादो स्मृतिक जीवित रहब आ लोकदेवीक प्रसंग प्रेमक व्यापक अर्थ सोझाँ आनैत अछि। लोकगीत गंगेश आ वल्लभाक व्यक्तिगत संवादकेँ सामाजिक अनुभवसँ जोड़ैत अछि। वल्लभाक संग सम्बन्धकेँ लऽ कऽ समाजमे चलि रहल चर्चा आ आशंकाक समाचार देवदत्त अनैत छथि। ओ ग्रन्थक प्रतिलिपि, सारांश आ कविता पर रोकक प्रभावपर प्रश्न उठबैत छथि। गंगेश प्रेमकेँ कोनो पुरस्कार वा प्रयोजनसँ प्रेरित व्यापार नहि मानैत छथि।

देवदत्त शतरंजक चौसठि खानापर धानक दाना क्रमशः दुगुना करबाक गणितीय प्रश्नक रूपमे पुरस्कार माँगैत छथि। गंगेश बुझबैत छथि जे एतेक धान पयबाक लेल समस्त पृथ्वीक शताब्दीक उपज चाही। देवदत्त एहि असम्भव पुरस्कारकेँ प्रेमक दीर्घ विस्मृतिक संकेतसँ जोड़ैत छथि। हुनकर प्रस्थानक बाद गंगेश आ वल्लभा एक-दोसराकेँ तकैत छथि। ज्ञान आ प्रेमक भविष्यपर आशंकाक संग पहिल कल्लोल समाप्त होइत अछि।

दोसर कल्लोल

शतरंजक घनक बीच गंगेश चिन्तित छथि। बाल गोरैय्याक लोकगीतमे अध्ययन, बाललीला आ विविध कारीगर तथा श्रमजीवी परिवारक प्रसंग अबैत अछि। वल्लभा आ गंगेशक संवादमे विद्वत्ता आ साधारण शिक्षकक जीवनक सम्बन्ध फेर उठैत अछि। देवदत्तक पहिल चेतावनी

हुनका विचलित करैत अछि, मुदा वल्लभा हुनका लोकक गपसँ निरुत्साहित नहि होयबाक पक्षमे छथि।

देवदत्त पुनः आबि बतबैत छथि जे गंगेशक दार्शनिक रचनापर टीका-भाष्यक परम्परा बढ़त, मुदा कविता विस्मृत भऽ ‘उल्कामुख’ नाम मात्र बनि रहि सकैत अछि। एहि सम्भावनाक समक्ष वल्लभा प्रेमक गीतकेँ वन, लोक आ भावी पीढ़ीमे जीवित रहबाक विश्वास व्यक्त करैत छथि। सात सए वर्षक बादो कोनो जिज्ञासु ओकरा फेर ताकि सकैत अछि। स्मृतिक पुनरागमनकेँ देवदत्त केवल भावुक आशा नहि, दबाओल इतिहासक हिसाब माँगयवला शक्ति मानैत छथि।

अन्तमे वल्लभा बालाराम आ वंशीधरक लोकगाथा गबैत छथि। संघर्षमे गहिल आ दुर्गाक हस्तक्षेप दुनू प्रतिद्वन्द्वीक मेल करबैत अछि। लोकदेवी आ पौराणिक देवीक मेल, अलग समुदायबीच मित्रता आ सामूहिक प्रगतिक आकांक्षा एहि गीतक केन्द्रमे अछि। गंगेश आ वल्लभाक प्रेमक सामाजिक अर्थ एहि गाथासँ आरो स्पष्ट होइत अछि।

तेसर कल्लोल

आचार्य व्याघ्र आ आचार्य सिंह भुतहा परिवेशमे प्रकट होइत छथि। गंगेशक ग्रन्थमे हुनका सभक उल्लेख रहितो असल नाम आ पोथी लुप्त भेलाक बात करैत छथि। नामक लोप मनुष्यकेँ काल्पनिक प्रतीक बना दैत अछि। गंगेशक जन्म आ जाति सम्बन्धी प्रचलित कथन, वल्लभाक प्रेम तथा कवित्वक विस्मृतिक चर्चा एहि संवादमे अबैत अछि। ग्रन्थक प्रसार रोकब, पाठक अपूर्ण राखब आ स्मृतिक नियन्त्रण ज्ञानक राजनीति बनैत अछि।

आचार्य सरभ अपन शिष्य खिखिर आ शाहीक संग अबैत छथि। उल्कामुख की थिक, स्मरण आ विस्मरणक सम्बन्ध की थिक, एहन प्रश्नक बीच शिष्यसभक रटन्त विद्या आ प्रश्नहीन आज्ञाकारिता सोझाँ अबैत अछि। सरभ स्वयं कल्पित प्रतीक बनि गेल होयबाक विवाद उठैत अछि। विद्या मिथिलासँ बंगाल चलि जयबाक तथा स्वतन्त्र विचारक स्थानपर रटन्त परम्पराक विस्तारक चिन्ता व्यक्त होइत अछि। उदयन, वर्द्धमान, दीना आ भदरी एहि परिवेशमे प्रवेश करैत छथि। लोकगाथा आ दर्शनक परम्परा एक संग मंचपर उपस्थित होइत अछि।

दीना-भदरी अपन गाथाक संघर्ष आ उल्कामुखी गीदरक प्रसंगक स्मरण करैत छथि। उदयनक नामसँ प्रचलित अर्थ, गंगेशक परिचय आ इतिहासक विकृतिक प्रश्न फेर अबैत अछि। सरभ अपन शिष्यक स्थानपर नव शिष्य नढ़िया आ बिज्जीकेँ प्रतिष्ठित करैत छथि; ज्ञानक नामपर आज्ञापालनक पुनरुत्पादन देखाओल जाइत अछि। लोकगीत, स्मृति आ वल्लभाक स्वर एहि व्यवस्थाकेँ चुनौती दैत अछि।

उत्तरार्द्धमे उदयन, वर्द्धमान, दीना आ भदरी घृणा तथा ईर्ष्याकेँ प्रेमसँ पराजित करबाक संकल्प व्यक्त करैत छथि। घृणाक तरहरि आ प्रेमक पोखरिक बिम्ब संघर्षक रूपक बनैत अछि। वल्लभाक स्वर दोसराक कृति आ प्रतिभाक अपहरणक प्रतिवाद करैत अछि। गंगेशक स्वर प्रश्नसँ भयभीत ग्रन्थपर आपत्ति करैत अछि। दमन, पराजय आ बलिदानक बादो स्मृति नव बीयाक रूपमे जीवित रहि सकैत अछि। ‘बुढ़िया डाही’ आ कमलदहक बिम्बसँ घृणाक विरुद्ध सामूहिक प्रतिरोध मूर्त होइत अछि।

चारिम कल्लोल

कमला माइक गीतक बाद दीना-भदरी आ उदयनक संवादमे भातढाला पोखरि, सिमलवन, सेमापुर आ मनिहारीक स्मृति अबैत अछि। महाभारतीय प्रसंगसभ वर्तमान बौद्धिक संघर्षक प्रतीक बनैत अछि। घृणाक वध आ ईर्ष्याक प्रतिरोधक आकांक्षा लोकगीतसँ जुड़ैत अछि।

आचार्य सरभ उल्कामुखकेँ रोकबाक चिन्तासँ व्याकुल छथि। आचार्य सिंह आ व्याघ्र कल्पनाक अन्त आ यथार्थक आगमनक चर्चा करैत छथि। सामाजिक समता, ऊँच-नीच, रचनाकारक विस्मृति, जनसमूहक स्वर आ दमनक बीच संघर्ष तीव्र होइत अछि। सरभक भय केवल कोनो एक व्यक्ति नहि, स्मृति आ समताक फेरसँ उभरबाक भय थिक। बँसबिट्टी आ वनदेवीक बिम्बक बीच घनक स्थानपर गोलाकार पिण्ड अबैत अछि।

भगता पृथ्वीक गोलाकार रूप, ओकर घूर्णन आ अन्तरिक्षमे स्थितिक विषयमे अपन शिष्यकेँ बुझबैत छथि। हुनका उल्कामुखी ताबीज भेटैत अछि जाहिमे सरभक आकृति आ तालपत्रक अक्षरसभ अछि। ओ ताबीजकेँ खोलि भावविभोर भऽ जाइत छथि। शिष्य दक्षिणक बसवेश्वरक प्रसंग आ मिथिलामे परिवर्तनक सम्भावनाक चर्चा करैत छथि। ताबीज लिखित आ वस्तुगत स्मृतिक माध्यम बनि जाइत अछि। एहि बिन्दुसँ पहिल चारि कल्लोलक कल्पनात्मक संघर्ष अगिला कल्लोलक सामाजिक जीवनमे प्रवेश करैत अछि।

पाँचम कल्लोल

मंचपर घनक स्थान गोलाकार पिण्ड लैत अछि। मूल पाठ पात्रक रूपान्तरण स्पष्ट करैत अछि—गंगेश गंगाधर, वल्लभा कुमरसुता, भगता ऋषि जटा, भगताक शिष्य हीरू, आचार्य सरभ कीर्ति सिंह, आचार्य व्याघ्र मनसुख, आचार्य सिंह हरिकर, वर्द्धमान मितू, देवदत्त जीवे आ उदयन माधवक रूपमे अबैत छथि। दीना-भदरी माधवक दू सहयोगीक रूप ग्रहण करैत छथि। एहि तरहें पूर्वक स्मृति आ प्रतीक नव कथाभूमिमे जीवित पात्र बनैत अछि।

गर्भावस्थाक माससभ आ जन्मक लोकगीतक बीच हरपति आ सोहागोक पुत्र गंगाधरक जन्म होइत अछि। ऋषि जटा बालककेँ सरभ-चिह्नित उल्कामुखी ताबीज पहिरबैत छथि। माता-पिता बालकक भविष्यपर प्रश्न करैत छथि। हीरू बतबैत छथि जे एहन ताबीज पीढ़ी-दर-पीढ़ी अनेक लोककेँ पहिराओल गेल, मुदा अपेक्षित परिवर्तन नहि भेल। तें ताबीज मात्रसँ सिद्धिक आश्वासन नहि भेटैत अछि।

बालक गंगाधर पैघ भऽ हीरूक टोल जाइत छथि। ओ हीरूकेँ मृत पशुक चामसँ मानरि बनबैत देखैत छथि। गीत, श्रम आ अनुभवसँ प्राप्त ज्ञानक महत्त्व हुनका आकर्षित करैत अछि। शब्द आ ओकर अर्थ, कथन आ आचरणक अन्तरपर वार्तालाप करैत छथि। हीरूक लोकज्ञान, ऋषि जटाक विचार तथा विषहरिक गीत गंगाधरक वैकल्पिक शिक्षाक अङ्ग बनैत अछि। चर्मकारक शिल्प आ लोकसंगीतकेँ ज्ञानक क्षेत्रसँ बाहर रखबाक रूढ़ि एहि सम्बन्धक माध्यमसँ चुनौती पबैत अछि।

छअम कल्लोल

आठ वर्षक गंगाधरक यज्ञोपवीत संस्कारक विषयमे हरपति आ सोहागो चिन्तित छथि। गंगाधर ताबीज धारण कएने छथि आ संस्कारक अनिवार्यतापर प्रश्न करैत छथि। पिता पाठशालाक गुरु द्वारा कएल गेल शिकायत स्मरण करैत छथि। गंगाधर रटन्त विद्याक विरोध करैत छथि आ हीरूक कला, गीत तथा प्रश्नक उत्तर देबाक क्षमताकेँ महत्त्व दैत छथि। हीरू आ ऋषि जटाक विचारसँ धर्मक रूढ़ व्याख्या, बलि आ आचरणक प्रश्न उठैत अछि।

गंगाधर परिवारक दबावक बीच सप्तरीक वन दिस जायबाक निर्णय करैत छथि। ओतय ऋषि जटाक सान्निध्यमे प्रकृति आ प्राणीक व्यवहारसँ सीखबाक अवसर भेटैत अछि। आनन्दा सहित वनक परिवेशक पात्र ज्ञानक एहि धाराकेँ आगाँ बढ़बैत छथि। गीतमे घर लौटबाक

आग्रह आ गंगाधरक नहि लौटबाक कथन सुनाइ दैत अछि। ऋषि जटा हुनकर विषयकेँ बुझबाक प्रवृत्तिसँ सन्तुष्ट छथि। ओ गंगाधरकेँ कीर्ति सिंहक राजदरबार जायबाक निर्देश दैत छथि। वनक मुक्त शिक्षासँ राजकीय जीवनक परीक्षाक दिशामे गंगाधरक यात्रा आरम्भ होइत अछि।

सातम कल्लोल

राजदरबारमे बुद्धिक परीक्षा

कीर्ति सिंहक दरबारमे अर्थमंत्री नारायण राजकीय हिसाब मिलयबामे कठिनाइ अनुभव करैत छथि। रटन्त शिक्षासँ आयल विद्यार्थी पोथीक पाठ तँ सुना सकैत अछि, मुदा नव गणितीय समस्या हल नहि कऽ पबैत अछि। गंगाधर एकसँ एक सए धरिक संख्याक जोड़ विपरीत छोरक संख्यासभकेँ जोड़ी बना तुरन्त निकालैत छथि। राजा हुनकर बुद्धिसँ प्रभावित होइत छथि। आगाँ राजकीय उत्तरदायित्व आ धर्मबहिन कुमरसुतासँ विवाह द्वारा गंगाधरकेँ कुलीन बनयबाक प्रस्ताव अबैत अछि। गंगाधर प्रधानमंत्री बनैत छथि।

अनुभव-मण्डल आ सामाजिक परिवर्तन

गंगाधरक नेतृत्वमे अनुभव-मण्डल जाति तथा स्त्री-पुरुषक भेदसँ मुक्त सहभागिताक पक्ष लैत अछि। मनसुख, हरिकर, मितू, माधव, आनन्दा, ऋषि जटा, हीरू आ आन सदस्यसभ सामाजिक परिवर्तनमे सक्रिय छथि। स्त्रीशिक्षा, सभक लेल शिक्षा, श्रमक सम्मान आ सम्पत्तिक असमानतापर विचार-विमर्श होइत अछि। अस्पृश्य कहल जायवला लोककेँ उल्कामुखी नाम देबाक प्रसंग हुनका सभक गरिमाक प्रतिपादनसँ जुड़ल अछि। मनसुखक पुत्र जीवे आ सेनापति हरिकरक पुत्री मेधाक विवाहक प्रस्ताव सामाजिक समताकेँ व्यवहारमे उतारबाक निर्णायक प्रसंग बनैत अछि।

जीवे-मेधाक विवाह आ हत्या

अनुभव-मण्डलक निर्णयक अनुसार जीवे आ मेधाक विवाह होइत अछि। राजदरबारक रूढ़िवादी पक्ष एकरा प्रतिलोम विवाह कहि विरोध करैत अछि। गंगाधरक कुलीन बनयबाक राजकीय प्रयासक विपरीत हुनकर सामाजिक सुधारक नीति देखाइ पड़ैत अछि। राजा आ दरबारीक विरोधक परिणति जीवे आ मेधाक जघन्य हत्यामे होइत अछि। अनुभव-मण्डलक सदस्य गहिर शोकमे छथि। माधव राजदरबारमे रहितो षड्यन्त्रक सूचना नहि पाबि सकल

छलाह। गंगाधर बहुमतक निर्णयक सम्मान करैत राजसत्ताक विरुद्ध प्रतिरोधक प्रसंग आगाँ बढ़बैत छथि।

अनुभव-मण्डलक प्रतिरोध

माधव आ हुनकर दू सहयोगी राजदरबारक सोझाँ प्रतिरोधक दायित्व ग्रहण करैत छथि। ऋषि जटा आ हीरू द्वारा गीतक माध्यमसँ ई धारणा पसारल जाइत अछि जे माधवकेँ अनुभव-मण्डलसँ अलग कएल गेल अछि आ मण्डल टूटि गेल अछि। माधवक माता रुद्रमति जीवे-मेधाक मृत्युक बाद दायित्व पूरा कएने बिना घर लौटबाक निन्दा करैत छथि। एहि घटनासभक बाद माधव अपन सहयोगीसभक संग राजदरबार पहुँचैत छथि। कीर्ति सिंहक मृत्यु होइत अछि; माधव आ हुनकर दुनू सहयोगी सेहो जीवित नहि बचैत छथि। उल्कामुखी ताबीज तीनू गोटेक गरासँ निकालल जाइत अछि।

गंगाधरक अन्तिम आशंका

अनुभव-मण्डलक शेष सदस्य एकत्र होइत छथि। गंगाधरक स्वास्थ्य बिगड़ल अछि। साथीसभ कीर्ति सिंहक मृत्युक बाद परिवर्तनक बाट खुजबाक आशा करैत छथि, मुदा गंगाधर मण्डलक भविष्यपर चिन्तित छथि। अनुभव-मण्डल जातिक बीच दूरी मेटयबाक लेल बनल छल; प्रतिशोध आ बाहरी आक्रमणक भय कतहु ओकरा स्वयं एक नव बन्द जातिमे नहि बदलि देय, ई हुनकर प्रमुख आशंका थिक। ओ चाहैत छथि जे सभ जाति आ स्त्री-पुरुषक लेल खुजल प्रवेश हुनका बादो कायम रहय। कुमरसुता हुनकर माथ कोरामे लैत छथि आ गंगाधर प्राणत्याग करैत छथि। हीरूक हाथमे ताबीज आ ऋषि जटाक धरतीसँ सम्पर्कक बिम्बक संग लोकगीत लौटैत अछि। नाटक समाप्त होइत अछि, मुदा प्रेम, स्मृति आ समताक रक्षा करबाक प्रश्न अनुत्तरित रहैत अछि।

समग्र कथासूत्र

'रंग-संगम'क नओ नाटक अपन अलग-अलग परिवेशमे मनुष्यक विवेक, गरिमा आ उत्तरदायित्वक प्रश्न उठबैत अछि। 'अपाला आत्रेयी' आ 'दानवीर दधीची'मे ज्ञानक पात्रता तथा ओकर मुक्त प्रवाहक प्रश्न वैदिक कथाभूमिमे अबैत अछि। 'भऽ जाएब छू' आ 'जलोदीप' प्रकृतिक ज्ञान, मानवीय हस्तक्षेप आ सामूहिक उत्तरदायित्वक सम्बन्धकेँ बालपात्रक सक्रियतासँ मूर्त करैत अछि। 'कमलाक भगता' आ 'संकर्षण'मे अन्धानुकरण,

झूठी प्रतिष्ठा आ विवेकहीन आचरणक हास्यपूर्ण उद्घाटन होइत अछि। ‘गंगा ब्रिज’मे जनहितक दाबी आ श्रमिकक वास्तविक जीवनक बीच विरोध, ‘मचण्ड’मे सुरक्षाक व्यवस्था आ मानवीय न्याय बीच तनाव, तथा ‘उल्कामुख’मे स्मृति, प्रेम, ज्ञान आ सामाजिक समताक संघर्ष त्रासद परिणतिसँ जुड़ैत अछि।

एहि नाटकसभमे सूत्रधार, लोकगीत, सामूहिक स्वर, प्रकाश, मौन आ प्रतीकात्मक वस्तु कथाकेँ केवल सुनयबाक नहि, मंचपर अनुभव करयबाक माध्यम बनैत अछि। अपालाक ऋचा, भगजोगनीक प्रकाश, मरम्मत होइत पुलक डंका, जलोदीप, बालुक शिवलिंग, भोजनक पैकेट, जुत्ताक सोल आ उल्कामुखी ताबीज अपन-अपन कथामे मुख्य द्वन्द्वकेँ सघन करैत अछि। नाटकसभक अन्तमे कतहु सामूहिक सुधारक संकल्प अछि, कतहु आत्मबोध, कतहु अपूर्ण न्याय आ कतहु भविष्यक प्रति आशंका। एहि विविध परिणतिसभक बीच विवेकपूर्ण प्रश्न करबाक अधिकार आ मनुष्यक गरिमाक रक्षा समग्र संग्रहक महत्त्वपूर्ण सूत्र थिक।

१०. व्याप्ति

मूल मैथिली नाटकक विस्तृत अङ्कवार आ दृश्यवार सारांश

गङ्गेशक नव्य-न्याय पद्धति पर आधारित गजेन्द्र ठाकुरक पूर्ण-दीर्घ मैथिली नाटक

कथाभूमि आ पात्र

चौदहम शताब्दीक काल्पनिक मिथिलामे कमला नदीक कछेर पर बसल उदयनपुर विद्या आ व्यापारक केन्द्र अछि। अकालक अन्तिम महीनामे राजकीय अन्न-भण्डारमे आगि लगैत अछि। अन्नक हानि होइत अछि, मुदा एहि घटनाक सभसँ मर्मान्तक परिणाम एक बालक नीरजक मृत्यु अछि। नगरमे भूख आ आक्रोश व्याप्त अछि। भण्डारक अधिकारी देवधरक लेल ई राजकीय सम्पत्तिक हानि आ व्यवस्थाक संकट अछि, जखन कि फुलियाक लेल ई अपन पुत्रक अपरिवर्तनीय अभाव अछि। एहि दू दृष्टिक बीच सत्यक खोज आरम्भ होइत अछि।

दार्शनिक गङ्गेश उपाध्याय आ हुनकर युवा शिष्य ईशान जाँचक केन्द्रमे छथि। माधव कुम्हार, फुलियाक भाय, आगिक पश्चात् घटनास्थल पर भेटलाक कारण संदिग्ध बनैत अछि। वृद्ध पहरेदार हरिनाथक स्मृति, युवा लेखा-लिपिकार मालतीक रहस्यमय अनुपस्थिति, जटिला तेलिनक व्यावहारिक अनुभव आ देवधरक राजकीय लेखा एहि जाँचक विभिन्न आधार बनैत अछि। नीरजक स्वर स्मृतिक रूपमे उपस्थित अछि, ओकर देह मंच पर उपस्थित नहि अछि। नाटक ऐतिहासिक जीवनी नहि, अपितु एक काल्पनिक नाट्यकथा अछि जाहिमे नव्य-न्यायक विवेचन प्रत्यक्ष घटना, प्रमाण, भाषा आ उत्तरदायित्वक माध्यमेँ साकार होइत अछि।

प्राक्कथन — संशय

मंच पर अन्हार अछि। जड़ल भण्डार, कारी पड़ल बाँस, झुकल ताला, जड़ल बोरा आ उलटल छोट माटिक कटोरा बितल रातिक विपत्तिक अवशेष अछि। आगि बुझि गेल अछि, मुदा राखक भीतर लाल बिन्दु एखन शेष अछि। अन्हारमे अलग-अलग लोकक स्वर सुनाइ पड़ैत अछि। सभ एक्के रातिक विषयमे बाजि रहल अछि, मुदा ककरो लग सम्पूर्ण घटनाक ज्ञान नहि अछि। एक व्यक्ति माधवकेँ पछिला देवाल लग देखबाक बात कहैत अछि। ओकर

वस्त्रमे धुँआक गन्ध छल, मुदा दोसर व्यक्ति ध्यान खींचैत अछि जे धुँआ चारू दिस छल। ताला देखब आ तालाकेँ बन्द देखब समान नहि अछि।

बालक भीतर छल, एहि कथनक आधार पर सेहो प्रश्न उठैत अछि। मायकेँ चिचियाइत सुनब बालककेँ भीतर देखबाक प्रमाण नहि। घंटी बजल अथवा नहि बजल, एहि विषयमे परस्पर विरोधी कथन अबैत अछि। ककरो घंटी नहि सुनाइ पड़ब स्वयं घंटीक नहि बजबाक निर्णायक प्रमाण नहि। क्षणिक प्रकाशमे लोकक दौड़, केवाड़ी पीटब, चाबी माँगब आ बोरा घींचब देखाओल जाइत अछि; ई बितल रातिक विखण्डित स्मृतिक नाट्यरूप अछि।

गङ्गेशकेँ बजयबाक प्रस्ताव एहि वातावरणमे उठैत अछि। आगि बुझेनाइ आब मुख्य समस्या नहि; आगिक बाद उत्पन्न संशय, अफवाह, दोषारोपण आ अन्यायक सम्भावनासँ सामना करब मुख्य समस्या अछि। एहि प्राक्कथनमे सम्पूर्ण नाटकक आधार स्थापित होइत अछि—एक घटना अनेक लोककेँ अलग-अलग रूपमे ज्ञात होइत अछि, आ जाँचक कर्तव्य ओहि सभ आंशिक ज्ञानक सीमा स्पष्ट करब अछि।

अङ्क १ — प्रत्यक्ष

दृश्य १ — राखक भोर

भोरमे जड़ल भण्डारक सोझाँ माधवक हाथ रस्सीसँ बान्हल अछि। देवधर ओकर घटनास्थल पर उपस्थिति, वस्त्रक धुँआ, हाथक झुलसल चिह्न आ अन्नक मोल पर भेल पूर्व विवादकेँ आरोपक आधार मानैत छथि। माधव पुछैत अछि जे जँ निर्णय गङ्गेश करथिन, तँ पहिनहिसँ ओकरा बान्हि किएक देल गेल। फुलिया नीरजक खाली कटोरा लऽ कऽ अबैत छथि। हुनका स्मरण अछि जे बेटा बेसी भात माँगने छल, मुदा राति धरि प्रतीक्षा कएलाक बादो ओकरा भोजन नहि भेटल। देवधरक लेखामे जड़ल बोरा आ अन्नक मात्रा अछि; फुलियाक दुःखक केन्द्र मात्र हुनकर एक बालक अछि। ओ एखन माधवकेँ निर्दोष अथवा दोषी नहि कहैत छथि।

गङ्गेश आबिते माधवक नाम पुछैत छथि आ बिना सिद्ध कारण ओकरा बान्हल रखबाक विरोध करैत छथि। भागि सकबाक सामर्थ्य आ वास्तवमे भागबाक क्रिया अलग अछि। हुनकर कहला पर रस्सी खोलल जाइत अछि। हरिनाथ कहैत अछि जे ओ पहिने धुँआ आ बादमे आगि देखलक। रातिमे धुँआक रङ्ग नहि देखल छल, तँ गङ्गेश ओकरा नहि देखल

रङ्गक वर्णन करबासँ रोकैत छथि। ईशान राख, जड़ल बोरा, कारी देवाल, ताला आ माधवक हाथक चिह्न गिनबैत अछि। गङ्गेश सुधारैत छथि जे हाथ पर झुलसल चिह्न देखल गेल अछि, ओकर कारण एखन ज्ञात नहि।

एक सिपाही राखमे भेटल ताला बन्द देखबाक पुष्टि करैत अछि। चाबी नहि भेटला पर देवधर अनुमान लगबैत छथि जे माधव ओकरा फेंकि देने होएत। गङ्गेश प्रत्यक्ष तथ्य आ अनुमान अलग राखबाक लेल दू पेटीक कल्पना करैत छथि—एक जे देखल गेल, दोसर जे मानल जा रहल अछि। फुलियाक प्रश्न पर ओ मानैत छथि जे दर्शन नीरजकेँ घुरा नहि सकैत अछि। मुदा गलत मनुष्यकेँ दण्डित करब ओकर मृत्यु पर दोसर अन्याय जोड़ब होएत। एहि दृश्यक अन्तमे बालकक मृत्युकेँ मात्र जाँचक एक वस्तु नहि, सभक बीच उपस्थित मानवीय सत्य मानल जाइत अछि।

दृश्य २ — जे देखल गेल

दू बाँस-पट्ट पर देखल आ मानल तथ्य अलग-अलग लिखल जाइत अछि। ईशान धुँआक गन्धकेँ देखल वस्तुमे राखि दैत अछि; गङ्गेश स्मरण करबैत छथि जे प्रत्यक्ष केवल दृष्टि नहि, अन्य इन्द्रियसँ प्राप्त ज्ञान सेहो अछि। जटिला अकालक भूखक चर्चा करैत छथि। तेलक ग्राहक घटि गेल अछि आ लोक अन्न बचा रहल अछि। भूखक एहि सम्भावित कारणकेँ गङ्गेश एक तेसर श्रेणीमे राखैत छथि—एहन प्रश्न, जकर उत्तर एखन खोजबाक अछि।

माधव अपन पक्ष रखैत अछि। ओ कहैत अछि जे आगि देखिकऽ दौड़ल, पछिला छोट झरोखासँ हाथ भीतर देने छल, मुदा नीरजकेँ नहि देखि सकल। जाँचमे झरोखाक कारी किनार लग एक चिक्कन पीयर दाग भेटैत अछि। जटिला ओकरा तेल मानैत छथि, मुदा सरिसोक तेल जकाँ गन्ध नहि भेटैत छनि। ओहि नमूनाकेँ अलग राखल जाइत अछि। बहुत लोकक आवागमनक कारण धुँधला पगचिह्न तत्काल निर्णायक नहि बनैत अछि।

एक सिपाही लोहारक कथन अनैत अछि जे राखमे भेटल छोट ताला मुख्य केवाड़ीक नहि। हरिनाथ ओकरा मालतीक लेखा-कोठलीक ताला जकाँ चिन्हैत अछि। मालती आगिक रातिसँ अनुपस्थित छथि, मुदा हुनकर मृत देह नहि भेटल अछि। गङ्गेश हुनका मृत, फरार अथवा अपहृत घोषित करबाक बदला केवल अनुपस्थित मानैत छथि। एही बीच जटिला घंटीक प्रश्न

उठबैत छथि। घंटीक रस्सीक किनार कटल जकाँ देखाइत अछि, मुदा काटबाक क्रिया आ कर्ता एखन अज्ञात अछि।

देवधर भीड़क दबावमे संध्या धरि निष्कर्ष चाहैत छथि। गङ्गेश पुछैत छथि जे हुनका सत्य खोजबाक लेल बजाओल गेल अछि अथवा भीड़केँ देबाक लेल एक नाम चुनबाक हेतु। फुलिया हुनकर बेर-बेर अज्ञान स्वीकारबासँ व्यथित छथि। गङ्गेश स्पष्ट करैत छथि जे अज्ञानक स्वीकार गलत ज्ञान रोकैत अछि, मुदा ओतहि रुकि जायब उचित नहि। ईशानकेँ प्रत्येक निष्कर्षक आधारभूत सम्बन्ध आ ओकर सीमा पुछबाक निर्देश भेटैत अछि। व्याप्तिक खोज आब धुँआ-आगिक उदाहरणसँ आगाँ बढ़ि मनुष्यक जीवन आ न्यायसँ जुड़ि जाइत अछि।

दृश्य ३ — रातिक पाँति

गङ्गेश जमीन पर साँझसँ भोर धरि एक समयरेखा खींचैत छथि। हरिनाथक स्मृति अनुसार मालती दोसर पहरमे भण्डार आयल छलीह आ तेसर पहरमे धुँआ देखल गेल। मुदा पहरक निर्धारण चन्द्रमा आ अभ्यास पर आधारित छल, घड़ी पर नहि। तेँ समय अनुमानित मानल जाइत अछि। हरिनाथ मालतीक लेखा-कोठलीमे इजोत देखबाक बात कहैत अछि; गङ्गेश इजोत देखब आ दीप स्वयं जरैत देखबमे भेद करैत छथि। कोठलीक केवाड़ी बन्द देखलाक अर्थ ई नहि जे मालतीकेँ केवाड़ी बन्द करैत देखल गेल।

हरिनाथ रातिभरि मुख्य केवाड़ीक सोझाँ नहि छल। ओ परिक्रमा सेहो करैत छल। एहि कारण ओकर कथन जे कोनो लोक नहि आयल, केवल ओहि अवधिक लेल मान्य भऽ सकैत अछि जखन ओ स्वयं सोझाँ उपस्थित छल। घंटी बजेनाइ कहबाक बदला ओ स्वीकारैत अछि जे रस्सी खींचने छल, मुदा स्पष्ट ध्वनि नहि सुनने छल। रस्सीमे असामान्य ढील अनुभव भेल छल। कटाव पहिनेसँ छल अथवा खींचबाक समय उत्पन्न भेल, से एखन निर्धारित नहि होइत अछि।

हरिनाथ बतबैत अछि जे ओकर कमरमे मुख्य ताला, उत्तरक छोट निकास आ बाहरी भण्डार-कोठलीक तीन चाबीक गुच्छा छल। धुँआ बढ़लाक बाद उत्तर निकास खोलय गेल तऽ गुच्छा कमर पर नहि भेटल। मालतीक लेखा-कोठलीक चाबी अलग छल। फुलिया जानि पबैत छथि जे उत्तरक निकाससँ नीरज निकलि सकैत छल। हरिनाथ नौकरी आ दण्डक भय कारण चाबी

नहि भेटबाक बात पहिने नहि कहने छल। फुलियाक क्रोध ओकर एही चुप्पी पर केन्द्रित होइत अछि।

गङ्गेश गुच्छा चोरी भेल अथवा हराएल, एहि दुनू निष्कर्षकेँ एखन असिद्ध रखैत छथि। समयरेखामे हरिनाथक कथनक जे भाग स्पष्ट अछि, मात्र से राखल जाइत अछि। एही बीच उत्तर देवालक बाहर नालीमे आधा धँसल पैघ खुलल ताला भेटबाक सूचना अबैत अछि। एहि नवीन वस्तुसँ पहिल आरोपक संरचना आरो बदलैत अछि।

दृश्य ४ — दू ताला

सोझाँ आब दू ताला अछि—राखमे भेटल छोट बन्द ताला आ उत्तर नालीमे कादोमे भेटल पैघ खुलल ताला। पैघ तालाक एक भागमे कादो आ दोसर भागमे कालिख अछि। हरिनाथ पुरान चोटक आधार पर एकरा मुख्य भण्डारक ताला चिन्हैत अछि। जटिला ओकर जोड़मे शेष नमी देखैत छथि। ओ किछु समय कादोमे रहल होएत, मुदा कतेक समय आ के ओतय राखलक, से ज्ञात नहि। देवधर माधव द्वारा चाबी प्राप्त कऽ ताला फेंकबाक सम्भावना उठबैत छथि, मुदा गङ्गेश सम्भावना आ सिद्ध क्रिया अलग रखैत छथि।

हरिनाथ कहैत अछि जे मालतीक आगमनक लेल मुख्य केवाड़ी खोलने छल आ फेर बन्द केने छल। प्रश्नोत्तरमे ई स्पष्ट होइत अछि जे रोजक आदत आ ओहि विशेष रातिक स्मृति ओकरा भीतर मिश्रित भऽ गेल अछि। ताला बन्द करबाक आवाज स्मरण अछि, मुदा चाबी फेर निकालबाक स्पष्ट स्मृति नहि। एही कारण 'ताला बन्द छल' कथनकेँ कोन ताला, कोन केवाड़ी, कोन समय आ ककर प्रत्यक्षक आधार पर कहल जा रहल अछि, एहि प्रश्नसभसँ सीमित कएल जाइत अछि।

राजकीय लेखा-चौकीक प्रतिलिपिमे पिछला दिनक शेष अन्न चौरासी मन लिखल भेटैत अछि, जखन कि नगरमे मात्र बारह मन बचबाक सूचना छल। देवधर बीज, कर आ सेनाक आवश्यकता आदि कारणसँ लोक लेल उपलब्ध मात्रा अलग होयबाक बात कहैत छथि। गङ्गेश ओहि भेदक प्रमाण माँगैत छथि। मूल बही मालती लग छल आ एखन उपलब्ध नहि अछि। चौरासी आ बारह मनक भेद अलग प्रश्न बनैत अछि; ई आगिक कारण अथवा माधवक अपराधक प्रमाण नहि।

अङ्कक अन्तमे छोट ताला बन्द, मुख्य ताला खुलल, मालती आ बही अनुपस्थित, चाबी तत्काल अनुपलब्ध आ घंटीक विषय अनिर्णीत अछि। नीरजक मृत्यु निर्विवाद अछि। गङ्गेश माधवकेँ बान्हि रखबाक पर्याप्त आधार नहि मानैत छथि। प्रत्यक्षक अङ्क निश्चित तथ्यक संग ओहि सभ बातक स्वीकार पर समाप्त होइत अछि जे प्रत्यक्ष रूपेँ स्थापित नहि भऽ सकल।

अङ्क २ — अनुमान

दृश्य १ — धुँआक दिशा

गङ्गेशक अध्ययन-ओसारामे ईशान पक्ष, साध्य, हेतु आ व्याप्तिक आधार पर माधवक अपराध सिद्ध करबाक चेष्टा करैत अछि। ओ चारि संकेत—धुँआयुक्त वस्त्र, झुलसल हाथ, घटनास्थल पर उपस्थिति आ अधिकारीसँ पूर्व विवाद—एक संग राखैत अछि। गङ्गेश अंगीठी, काठ, भीजल भूसा, कोयला आ माटिक पात्रक प्रयोगसँ बुझबैत छथि जे अनेक दुर्बल हेतु एकत्र भेला मात्रसँ नियत सम्बन्ध स्थापित नहि होइत अछि। धुँआसँ आगिक अनुमान आ धुँआयुक्त वस्त्रसँ अपराधक अनुमान समान नहि अछि।

लाल कोयलामे आगि अछि मुदा धुँआ प्रायः नहि। भीजल इन्धन देलापर धुँआ बढ़ैत अछि। एहि उदाहरणसँ उलटा व्याप्तिक त्रुटि आ उपाधिक भूमिका स्पष्ट होइत अछि। ईशान बुझैत अछि जे शास्त्रीय शब्दक प्रयोगसँ पहिने ओकर सीमा जानब आवश्यक अछि। अपराधक खोजकेँ गङ्गेश छोट-छोट प्रश्नमे विभक्त करैत छथि—आगिक आरम्भ, मुख्य केवाड़ीक अवस्था, उत्तर निकास, चाबी, घंटी, अन्नक मात्रा आ मालतीक स्थान।

पानि लऽ कऽ आयल रघुकेँ गङ्गेश कहैत छथि जे माधवक दोष सिद्ध नहि अछि। मुदा ईशान अपन अभ्यासक अधूरा कथनमे चारि संकेत एक दिस होयबाक बात कहि दैत अछि। रघु ओहि अंशकेँ पकड़ि बाहर चलि जाइत अछि। गङ्गेश ईशानकेँ तत्काल सुधार करबाक निर्देश दैत छथि। एही समय देवधर राजसभाक आदेश अनैत छथि जाहिमे संध्या पहिने मुख्य उत्तरदायी व्यक्ति अथवा व्यक्तिसभक नाम प्रमाण सहित माँगल गेल अछि। दक्षिण बजारमे अन्नक गाड़ी रोकल गेल अछि आ जनाक्रोश बढ़ि रहल अछि। ईशान आब चारू हेतुक अपर्याप्तता स्वीकारैत अछि, मुदा बाहरसँ माधवक भट्ठी पर आक्रमणक स्वर सुनाइ पड़ैत अछि।

एहि दृश्यमे अनुमानक त्रुटि अध्ययनक ओसारासँ बाहर वास्तविक क्षति बनि जाइत अछि। ज्ञानक निर्माणमे जे सावधानी चाही, ओकर सार्वजनिक अभिव्यक्तिमे सेहो ओतबे सावधानी आवश्यक अछि।

दृश्य २ — भट्ठीक धुँआ

माधवक आँगनमे अनेक माटिक पात्र टूटल अछि। ईशानक अधूरा कथन भीड़क बीच चारि प्रमाणक रूप धारण कऽ लेने छल। माधव टूटल घड़ा देखाकऽ पुछैत अछि जे ईशानक क्षमायाचनासँ ई फेर जुड़ि जाएत की। गङ्गेश भट्ठीक जाँच आरम्भ करैत छथि। माधव स्वीकारैत अछि जे अकालक समय रातिमे खुलल आगि नहि जरयबाक आदेशक उल्लंघन कऽ ओ पात्र पकबैत छल। भीजल धानक भूसा, पात आ काठसँ घना धुँआ उठल छल। एकरासँ ओकर वस्त्र भण्डारक आगिसँ पहिनहि धुँआयुक्त भऽ सकैत छल।

माधवक हाथ पर पुरान पेशागत चिह्न आ ताजा फफोला अछि। ओ कहैत अछि जे आगि देखिकऽ भण्डार दिस दौड़ल आ झरोखासँ हाथ भीतर दऽ लकड़ीक अड़चन हटयबाक प्रयत्न केलक। एहि प्रयासक स्वतन्त्र प्रत्यक्ष साक्षी स्पष्ट नहि अछि। तथापि एहि वैकल्पिक व्याख्यासँ धुँआयुक्त वस्त्र आ झुलसल हाथ अपराधक नियत हेतु नहि रहि जाइत अछि। विवाद उद्देश्यक सम्भावना देखबैत अछि, कृत्य नहि। स्थल पर उपस्थिति बचावक प्रयाससँ सेहो बुझल जा सकैत अछि।

माधव उत्तर देवालक गली दिस हलुक वस्त्र पहिरने एक अस्पष्ट छाया देखबाक बात कहैत अछि। छायाक हाथमे किछु लम्बा वस्तु छल, मुदा व्यक्ति अथवा वस्तुक पहिचान ओ नहि कऽ पबैत अछि। जटिला भट्ठीक धुँआ आ भण्डारक तेलक नमूनाक गन्धमे अन्तर पबैत छथि। भण्डारक नमूनामे तिल तेल आ सुगन्धित रालक सम्भावना अछि। माधव बतबैत अछि जे मालती दू सप्ताह पूर्व चारि छोट दीप लेने छलीह। एहि सूचनासभकेँ एखन केवल सम्भावित सम्बन्ध रूपमे राखल जाइत अछि।

ईशान बाहर जा अपन गलती स्वीकारैत अछि आ स्पष्ट कहैत अछि जे माधवक दोष सिद्ध नहि। सभ लोक मानि जाएत, से निश्चित नहि। माधवक टूटल पात्र एहि बातक साक्षी बनल रहैत अछि जे गलत वाक्य सुधारल गेलाक बादो ओकर प्रभाव पूर्णतः मेटायल नहि जाइत अछि।

दृश्य ३ — सपक्ष-विपक्षक खेल

नगरक चौकमे गङ्गेश तीन घेरा बनबैत छथि। दीप, कालिखयुक्त कपड़ा आ रस्सीक माध्यमेँ ओ जनसाधारणक सोझाँ चिह्न, कारण आ दोषक अन्तर स्पष्ट करैत छथि। आगि होइतहुँ दीपमे बहुत कम धुँआ भऽ सकैत अछि। आगि लगौनिहार, बुझौनिहार आ तमाशबीन सभक वस्त्रमे धुँआ लागि सकैत अछि। रसोइया, लोहार आ कुम्हारक हाथ निर्दोष अवस्थामे सेहो झुलसि सकैत अछि। तेँ ई संकेत अपराधक नियत सहचर नहि। ईशानक पूर्व हेतु ज्ञात सपक्षक परीक्षणमे दुर्बल सिद्ध होइत अछि आ विरोधी उदाहरणसँ ओकर सीमा स्पष्ट होइत अछि।

हरिनाथ फेर स्वीकारैत अछि जे रस्सी खींचने छल, मुदा घंटीक ध्वनि स्पष्ट नहि सुनने छल। आगिक बाद गाँठ ढीला देखने छल, ओकर ढीला पड़बाक समय नहि। गङ्गेश ओकर कथनक परीक्षण करैत छथि, ओकर सम्पूर्ण व्यक्तित्वकेँ आरोपी नहि बनबैत छथि। फुलिया कहैत छथि जे हुनका शास्त्रीय खेल नहि, बालकक मृत्यु कोना भेल से जानबाक अछि। गङ्गेश आगिक आरम्भ, आगिक प्रसार आ बालकक बाहर नहि निकलि सकबकेँ अलग प्रश्न मानैत छथि।

जटिला नगरक अन्य तेलक नमूनासभसँ तुलना करैत छथि। तिल-राल मिश्रण मालतीक अतिरिक्त वैद्यक सहायक आ दू बनिया सेहो लेने छल। एहि कारण गन्ध मात्रसँ मालतीक उपस्थिति वा दोष सिद्ध नहि। ई मिश्रणक एक प्रकार अथवा स्रोतक दिशा देखबा सकैत अछि, मुदा विशिष्ट व्यक्ति नहि। ईशान हेत्वाभासक जोखिम बुझैत अछि।

मालतीक घरक ओसारामे एक काठक लेखा-पट्ट भेटलाक सूचना अबैत अछि। देवधर तत्काल जप्त करय चाहैत छथि; गङ्गेश पहिले ओकर निरीक्षण पर जोर दैत छथि। आब जाँच भौतिक चिह्नक संग आर्थिक लेखाक परीक्षण दिस मुड़ैत अछि।

दृश्य ४ — मालतीक लेखा-पट्ट

मालतीक घरमे खुलल मसिक डिबिया, आधा भरल घड़ा, ताड़पत्र आ तीन दीप अछि। चारिम दीप नहि अछि। गङ्गेश स्पष्ट करैत छथि जे एक ठाम दीपक अनुपस्थिति ओकर दोसर ठाम उपस्थिति सिद्ध नहि करैत अछि। जटिला उपस्थित दीपक तेलमे तिल आ रालक गन्ध

भेटबाक बात कहैत छथि। ई भण्डारक नमूनासँ मिलैत-जुलैत अछि, एक्के होयबाक निश्चय नहि।

काठक पट्ट पर 'प्रवेश—सात सय बीस' आ 'राज-पत्र—चारि सय अस्सी' लिखल अछि। अन्तर दू सय चालीस अछि। प्रारम्भमे संख्या कोन वस्तु, कोन माप आ कोन अवधिक अछि, से स्पष्ट नहि। दानाक चिह्न आ खुरचल अक्षरमे उत्तर दिशाक किछु संकेत भेटैत अछि। गङ्गेश अधूरा अक्षरकेँ मनमाना ढङ्गसँ पूरा करबासँ रोकैत छथि। २४० केर पुनरावृत्ति महत्त्वपूर्ण अछि, मुदा ओकर अर्थ प्रमाणित होयब बाकी अछि। देवधर संख्याक निजी गणना होयबाक सम्भावना उठबैत छथि।

राशन-वितरणक ताड़पत्रमे किछु नामक आगाँ प्राप्तिक निशान अनुपस्थित अछि। गङ्गेश कहैत छथि जे निशानक अभावसँ अन्न नहि भेटबाक निष्कर्ष तखने उचित होएत जखन वितरण भेलापर निशानक अनिवार्यता स्थापित हो। फुलिया बालकक नाम चिन्हैत छथि आ भण्डारमे ओकर उपस्थितिक प्रश्न उठबैत छथि। घरक बाहर मालती नहि भेटबाक संग नदीघाट पर पगचिह्न पानि लग समाप्त होयबाक सूचना सेहो भेटैत अछि। गङ्गेश पगचिन्हक अभाव आ मनुष्यक अभावकेँ अलग रखैत छथि।

राजकीय बहीसँ मिलान करबाक निर्णय होइत अछि। पट्ट, दीप आ ताड़पत्र एक्के व्यक्तिक नियन्त्रणमे नहि देल जाइत अछि, जाहिसँ प्रमाण बदलबाक आशंका घटय। जाँचक सातटा प्रश्न सोझाँ अबैत अछि—तीन संख्या, बालकक भण्डारमे प्रवेश, मालतीक स्थान, चारिम दीप आ ताला। मालतीक पाटी पर अधलिखल 'जे नहि देखाइत...' वाक्य रहि जाइत अछि। ईशान ओकर शेष भाग अनुमान करय चाहैत अछि, मुदा अन्ततः खाली छोड़ैत अछि।

अङ्क ३ — उपमान

राजकीय बहीक मिलानसँ ४८० धानक बोराक ओहि मासक प्रवेशक संख्या रूपमे भेटैत अछि। ७२० मालतीक पट्ट पर अछि, मुदा ओहि पर राजकीय मोहर नहि। निजी गणना, मूल लेखाक निजी प्रति अथवा त्रुटि—तीनू सम्भावना खुलल अछि। गङ्गेश परिचित वस्तुक संग अपरिचित वस्तुक तुलना द्वारा जाँच आगाँ बढ़बैत छथि।

दृश्य १ — बाजारक समानता

वृद्ध ताला-साज पैघ तालाकेँ अपन बनाओल मुख्य भण्डारक ताला चिन्हैत छथि। छोट ताला नगरक पूब दिसक कारीगरक ढाँचाक अछि। पैघ तालाक कुंडी आ भीतरक पत्ती पर ताजा बल-प्रयोगक चिह्न नहि अछि। एकर तुलना छेनीसँ तोड़ल पुरान ताला आ चाबीसँ खोलल तालाक नमूनासँ कएल जाइत अछि। तुलना बतबैत अछि जे भण्डारक तालामे बलपूर्वक तोड़बाक ओहि प्रकारक घाव नहि, मुदा के आ कोन साधनसँ खोललक से नहि बतबैत अछि। छोट तालाक एक भागमे कम कालिख अछि। ओ आगिक समय जमीन वा समतल वस्तु पर पड़ल रहल होएत, अथवा आगिक बीच खसल होएत।

हरिनाथ एक महत्वपूर्ण बात स्वीकारैत छथि। मालती उत्तर निकास खोलबाक निमित्त चाबी माँगने छलीह आ हरिनाथ पूरा गुच्छा देलनि। गुच्छा वापस भेटबाक हुनका स्पष्ट प्रत्यक्ष स्मृति नहि अछि। फुलिया सेहो आब गुच्छा नहि भेटब आ चोरी होयबमे भेद करय लगैत छथि।

जटिला भण्डारक तेल, मालतीक घरक दीप आ अपन तेलक नमूनाक तुलना करैत छथि। गन्ध तिल-रालक प्रकार बतबैत अछि, मुदा मालतीक नाम नहि। माधव एक नमूना दीप अनैत अछि। एकहि खेपमे ओ पाँच दीप बनौने छल, जाहिमे चारि मालती किनने छलीह। माटिक रङ्ग, किनारक मोटाइ आ अँगुरीक दबाव भण्डारमे भेटल जड़ल दीपक टुकड़ासँ मिलैत अछि। ईशान एकरा तुरन्त मालतीक चारिम दीप कहय चाहैत अछि, मुदा गङ्गेश रोकैत छथि। भौतिक समानता आ सीमित खेपक विषयमे माधवक गवाही अलग आधार अछि।

देवधर आरोप लगबैत छथि जे विद्वान कखनो निष्कर्ष देबासँ डरि पैघ बातकेँ छोट कऽ दैत अछि। गङ्गेश अपन अति-संशयक सम्भावना सेहो स्वीकारैत छथि। फुलियाक दृष्टिमे सत्यक दू विरोधी छथि—जल्दबाजी आ अनन्त देरी। उपमानक उपयोग समानता आ भिन्नताक संयुक्त जाँचमे अछि, व्यक्तिक दोषक स्वतः निर्धारणमे नहि।

दृश्य २ — जतय पगचिह्न समाप्त

नदीघाट पर ओहि स्थानक निरीक्षण होइत अछि जतय पगचिह्न पानि लग समाप्त भऽ गेल छल। पादुकाक एड़ी पर तीन पातर रेखाक आधार पर अलग-अलग प्रकारक पादुकासँ तुलना कएल जाइत अछि। पातर चमड़ाक पादुकासँ चिह्न मिलैत अछि, मुदा मालतीक व्यक्तिगत पादुका होयबाक पुष्टि नहि होइत अछि। माधव कड़ा माटि आ बालू पर चलि देखबैत अछि जे

एक्के पयरक चिह्न एक धरातल पर स्पष्ट आ दोसर पर लगभग अनुपस्थित भऽ सकैत अछि। नदीमे उतरब एहि अभावक एकमात्र व्याख्या नहि अछि।

अन्तिम स्पष्ट पगचिह्न लग गोल दाबक तुलना बाँसक जुआसँ कएल जाइत अछि। दुनू पूर्णतः समान नहि अछि। नदीक समानान्तर कड़ा पट्टी पर दबायल घास, काँटामे अटकल नील सूत आ आगाँ बालूमे किछु अस्पष्ट पगचिह्न भेटैत अछि। ई चिह्न पुरान कर-छप्पर दिस लऽ जाइत अछि। ओतय मनुष्य नहि भेटैत अछि, मुदा आधा सूखल पानि, दू दाना भूजल चना आ मसिक दाग जकाँ चिन्हयुक्त पात भेटैत अछि। ई सभ ककरो ओतय रहल होयबाक संकेत दैत अछि, मालतीक पहिचान नहि।

पुरान छप्परसँ उत्तर खेत आ पुरान घाटक बाँध दिस दू बाट जाइत अछि। पाछाँ एक लम्बा घिसान आ धानक दाना भेटबाक कारण बोरा ढोएबाक सम्भावना उठैत अछि। देवधर राजकीय ढुलाईक उल्लेख करैत छथि, मुदा मार्ग-पत्र खोजबाक आवश्यकता अछि। जाँचक क्रममे ओ ई स्पष्ट कथन दैत छथि जे राज-पत्रमे ४८० लिखल गेल तखन ७२० संख्या हुनका पहिने ज्ञात नहि छल। ई कथन अलगसँ दर्ज कएल जाइत अछि।

ईशान माधवक प्रति अपन गलत निष्कर्षक दायित्व स्वीकारैत अछि। फुलियाकेँ बुझाइत छनि जे अपेक्षा लोकक दृष्टिक दिशा चुनैत अछि—सिपाही नदी दिस देखैत रहल, तेँ समानान्तर बाटक चिह्न छूटि गेल। मालती एखन अनुपस्थित व्यक्ति छथि; हुनकर मृत्यु अथवा जीवन दुनूमे सँ कोनो सिद्ध नहि। फुलिया बालू पर अपन कटोरा राखि उठा लैत छथि। वस्तु हटि गेलाक बादो चिह्न रहि जाइत अछि। एहि दृश्यसँ स्मृति, प्रमाणक नाश आ प्रमाणक अभावक जटिलता स्पष्ट होइत अछि।

दृश्य ३ — तीन क्रम

जड़ल भण्डारक भीतर तीन समानान्तर रेखा बनाकऽ तीन सम्भावित घटना-क्रमक मौन पुनरभिनय कएल जाइत अछि। गङ्गेश वास्तविक पात्रसभक नाम हटाकऽ क्रियाक तुलना करैत छथि, जाहिसँ पूर्वनिर्धारित आरोप प्रयोगकेँ प्रभावित नहि करय। फुलिया नीरजक कटोराकेँ प्रत्येक क्रमक अनिवार्य अङ्ग बनबैत छथि। आगिक व्याख्या तखने पर्याप्त होएत जखन बालकक बाहर नहि निकलि सकबाक प्रश्न सेहो जाँचमे रहय।

पहिल सम्भावना बाहरी आक्रमणक अछि। जँ आगि पछिला झरोखासँ आरम्भ भेल होइत, तँ ओहि क्षेत्रमे जड़बाक आ तेलक अपेक्षाकृत प्रबल चिह्न भेटबाक चाही। मुदा सभसँ बेसी जड़ल भाग लेखा-कोठली आ बीचक बोरा-पाँति लग अछि। झरोखा लगक पीयर दाग अकेले सम्पूर्ण आगिक व्याख्या नहि करैत अछि। आगिक पश्चात् दृश्य बदलब सम्भव होयबाक कारण पहिल क्रम पूर्णतः असम्भव घोषित नहि होइत अछि, मात्र कम समर्थित मानल जाइत अछि।

दोसर सम्भावना कोनो बाहरी व्यक्तिक मुख्य बाटसँ भीतर प्रवेश कऽ आगि लगाकऽ फेर निकलि जायब अछि। मुख्य ताला खोलबाक साधन, भीतर प्रवेश, आगिक क्रिया, बाहर निकास आ ताला नालीमे फेंकब—सभक लेल अलग आधार चाही। ताला बलसँ तोड़ल नहि गेल होयबाक संकेत एहि क्रमकेँ अपने-आप सिद्ध नहि करैत अछि। माधवक स्थल पर उपस्थिति सेहो ओकर प्रवेशक प्रमाण नहि।

तेसर सम्भावना भीतरक दीप अथवा भीतरक अन्य ज्वलन-स्रोतसँ आगि आरम्भ होयबाक अछि। भण्डारक भीतर भेटल दीपक टुकड़ा, तेलक परिवार आ जड़ल क्षेत्रक स्थिति एहि क्रमसँ बेसी मेल खाइत अछि। तथापि दीप ककर छल, ओ कोना खसल अथवा जानि-बुझि उलटाओल गेल, ई एखन निर्धारित नहि। पुनरभिनयमे बालकक छाया बन्द उत्तर निकास दिस दौड़ैत देखाओल जाइत अछि। फुलिया ई दृश्य फेर नहि करबाक आग्रह करैत छथि। गङ्गेश तुरन्त रोकैत छथि।

तीनूमे उत्तर निकास बन्द आ चाबी अनुपलब्ध होयबाक प्रश्न शेष अछि। तर्कक काज सम्भावित कथाक अपेक्षित परिणामक परीक्षण करब अछि, स्वयं प्रत्यक्ष इतिहास बनायब नहि। आगिक भीतर आरम्भ होयबाक सम्भावना सभसँ प्रबल भेला परो बालकक मृत्यु बुझबाक लेल निकास आ देरीक स्वतन्त्र जाँच आवश्यक अछि।

दृश्य ४ — बन्द केवाड़ी आ देरी

उत्तरक छोट निकासक जड़ल चौखट, कुंडी आ बाहरक छल्लाक निरीक्षण कएल जाइत अछि। ताला-साज बतबैत छथि जे काठ फाटि छल्ला बन्द ताला सहित निकलि सकैत अछि। तेँ राखमे बन्द ताला भेटबासँ ई सिद्ध नहि होइत अछि जे अन्त धरि केवाड़ी बन्दे छल।

हरिनाथ धुँआ देखला पर रस्सी खींचब, मुख्य बाट पर धुँआ पाबि उत्तर निकास दिस दौड़ब, कमर पर चाबी नहि भेटब आ लोहेक सुँगा आनय जायबक क्रम बतबैत छथि।

हरिनाथ स्वीकारैत छथि जे राशन-पट्ट पर नाम कटायल देख नीरज भण्डार आयल छल आ ओ स्वयं ओकरा मालतीसँ पुछबाक लेल भीतर पठौने छल। जटिला सेहो लाल गमछा आ कटोरा लेने बालककेँ भीतर देखबाक बात कहैत छथि। हरिनाथ मुख्य केवाड़ीक पाट बन्द केने छल, मुदा ताला लगौने छल कि केवल कुंडी, से स्पष्ट स्मरण नहि। ओकरा आशा छल जे मालती बालककेँ बाहर निकालि देतीह। फुलिया एहि असिद्ध आश्वासनक मानवीय परिणाम देखबैत छथि।

सुँगा आनलाक बाद हरिनाथ छल्ला तोड़बाक प्रयत्न केलक। काठ फाटलाक बाद ताला सहित छल्ला निकलल। केवाड़ी खोलिते घना धुँआ बाहर आयल, आ नीरजक नाम पुकारलापर उत्तर नहि भेटल। माधवक झरोखासँ हाथ भीतर दयबाक प्रयास एहि क्रमसँ मेल खाइत अछि। चाबी समय पर भेटित तँ निकास पहिने खुलि सकैत छल, मुदा नीरज निश्चित बचित, ई सिद्ध नहि।

देवधर स्वीकारैत छथि जे दू मास पहिने अन्न चोरी भेला पर सूर्यास्त उपरान्त निकास बन्द रखबाक सामान्य आदेश देने छला। अन्नक रक्षा एहि आदेशक उद्देश्य छल, मुदा आपातकालीन निकास चाबी पर निर्भर भऽ गेल। घंटीक चेतावनी विफल वा अनिश्चित रहल, मुख्य बाट धुँआसँ भरि गेल आ उत्तर निकास खोलयमे देरी भेल। ई सभ मिलि नीरजक बचबाक अवसर घटौलक। एहि चरणमे माधवक विरुद्ध आगि आरम्भ करबाक विशिष्ट प्रमाण नहि बचैत अछि। आगिक स्रोत, चाबी, चेतावनी आ व्यवस्थाक उत्तरदायित्व अलग-अलग जाँचल जायब शेष अछि।

अङ्क ४ — शब्द

दृश्य १ — मालतीक वापसी

भोरसँ पहिने गङ्गेशक ओसारामे पाँच प्रमुख वस्तु राखल अछि—दीपक जड़ल टुकड़ा, छोट बन्द ताला, कटल रस्सी, चाबीक खाली सूत आ नीरजक कटोरा। फाटल नील ओढ़नी, माटि लागल पयर आ कपाल पर सूखल रक्तक चिन्हसँ युक्त मालती स्वयं उपस्थित होइत छथि। हुनकर जीवित उपस्थितिसँ नदीमे मृत्यु भेल होयबाक अनुमान समाप्त होइत अछि। देवधर

हिरासतमे लेबाक आग्रह करैत छथि, मुदा गङ्गेश पहिने कथन सुनय चाहैत छथि। मालती कहैत छथि जे आगिक राति उत्तरक पुरान कर-छप्पर पहुँचल छलीह आ दू राति ओतहि नुकायल रहलीह।

फुलिया पहिने नीरजक विषयमे पुछैत छथि। मालती आगिसँ पहिने ओकरा लेखा-कोठलीक बाहर जीवित देखने छलीह। बालक पूछने छल जे ओकर राशन-पट्ट पर नाम किएक काटल गेल। घरमे किछु अन्न नहि होयबाक बात कहने छल। मालती ओकरा रुकय कहलनि आ स्वयं बही देखय लगलीह। ओकरा फेर स्पष्ट नहि देखलनि।

मालतीक कथन अनुसार नियमित लेखा साँझे समाप्त भऽ गेल छल। संख्या फेर मिलयबाक लेल ओ रातिमे भण्डार गेल छलीह। ओ कहैत छथि जे ७२० माप अन्न परिसरमे आयल होयबाक प्रवेश-लेखा छल; मुख्य राज-पत्रमे ४८० चढ़ल आ शेष २४० केर अलग चलन बनल। ई सम्पूर्ण संख्या मुख्य भण्डारमे तत्काल उपस्थित अन्नक माप नहि। मालती मुख्य बहीक किछु प्रमाण सुरक्षित रखबाक बात कहैत छथि, मुदा तत्काल ओकर स्थान नहि बतबैत छथि। देवधर एहि क्रियाकेँ चोरी आ राज्यविरोधी आचरण मानैत छथि। गङ्गेश दुनूक शब्दमे निहित अभिप्राय आ वास्तविक क्रियाकेँ अलग करैत छथि।

मालती पूरा चाबी-गुच्छा लेबाक बात स्वीकारैत छथि। चाबी वापस देलनि कि नहि, एहि प्रश्नक उत्तर देबामे संकोच करैत छथि। अपन विरोधमे आधा कथन जाय आ दोसरक लेखाक अनियमितता खोलय पड़य, एहि दुनू भयक बीच ओ अटकल छलीह। गङ्गेश प्रत्येक कथनक विश्वसनीयताकेँ अलग परखबाक आवश्यकता स्थापित करैत छथि। जीवित लौटब मालतीक मृत्यु-अनुमानकेँ समाप्त करैत अछि, हुनकर अन्य क्रियाक जाँचकेँ नहि।

दृश्य २ — तीन कथन, तीन अभिप्राय

मालती, हरिनाथ आ देवधर तीन अलग आसन पर बैसि आगिक रातिक अपन-अपन भूमिका पाँच-पाँच वाक्यमे कहैत छथि। मालती लेखा मिलयबाक प्रयोजन, नीरजक नाम कटायल देखब, चाबी आ बहीक पात लेब तथा भयक कारण नुकायब बतबैत छथि। हरिनाथ चाबी देब, पहरा, धुँआ देखब, घंटी खींचब आ चाबी नहि पायबक विवरण दैत छथि। देवधर राजकीय अन्नक सुरक्षा, निकास बन्द रखबाक आदेश, आधिकारिक ४८० केर लेखा आ आगि लगयबाक कोनो आदेश नहि देबाक कथन करैत छथि।

गङ्गेश प्रत्येक वक्ताक ज्ञानक स्रोत पर प्रश्न करैत छथि। स्वयं देखल, स्मृतिमे रहल, लेखासँ ज्ञात, अपन हितक विरुद्ध स्वीकार आ अभिप्रायक विवाद—सभक प्रमाणिक भार एक नहि। अधिकारीक पद स्वयं ओकर कथनक सत्यताक मोहर नहि। मालती स्पष्ट स्वीकारैत छथि जे चाबी हरिनाथक हाथमे वापस नहि देलनि। उत्तर निकास खोलि बाहर निकलि ताला फेर छल्लामे लगा देलनि आ बहीक बाँकी पात लेबाक लेल लौटबाक विचारसँ गुच्छा अपन संग रखलनि। एहि स्वीकारसँ छोट बन्द ताला भेटबाक सम्भावित क्रमकेँ समर्थन भेटैत अछि।

मालतीक भय छल जे चाबी आ बही संग पकड़ल गेला पर आगिक दोष हुनके माथ पर देल जाएत। आगिक बाद ओ बाहर नहि आयलीह, जखन कि माधवक विरुद्ध आरोप फैलल आ ओकर भट्ठी तोड़ल गेल। माधव हुनकर देरीसँ आयल सत्यक मानवीय मूल्य बतबैत अछि। फुलिया पुछैत छथि जे उत्तर निकाससँ निकलैत काल नीरजकेँ देखलनि, आवाज देलनि अथवा खोजलनि कि नहि। मालती तीनू प्रश्नक उत्तर नहि मे दैत छथि। हुनका केवल विश्वास छल जे बालक मुख्य बाट दिस होएत।

देवधरक कथन जे ओ आगि लगयबाक, नीरजकेँ रोकबाक वा चाबी हटयबाक आदेश नहि देने छलाह, केवल हुनकर अपन आदेश धरि सीमित मानल जाइत अछि। सम्पूर्ण राज्यक सभ आदेशक निषेध एहि कथनसँ सिद्ध नहि। मालती देवधरक 'अन्न सुरक्षित राखू, लेखा बाहर नहि जाए' निर्देशक उल्लेख करैत छथि। एहि कथनक प्रसंग आगाँ परखल जाएत। दृश्य स्पष्ट करैत अछि जे एक स्वीकारोक्ति सभ आरोपक प्रमाण नहि, आ सत्यक किछु भाग स्वीकारब शेष कथनसभक सत्यताक स्वतः गारण्टी नहि।

दृश्य ३ — दू सय चालीसक नाम

प्रवेश-पर्ची, दैनिक राजकीय सार आ गुप्त लेखाक तीन गट्ठरक मिलान होइत अछि। ईशान स्वतन्त्र रूपेँ जोड़ैत अछि, जटिला कंकड़ आ बीआक माध्यमेँ गणनामे सहयोग करैत छथि। उपलब्ध प्रवेश-पर्चीक जोड़ ७२० अबैत अछि। गङ्गेश पर्चीक गणना आ वास्तवमे सभ अन्न प्रवेश करबाक पूर्ण पुष्टि अलग रखैत छथि। हरिनाथ अपन चौकीक चिन्हयुक्त दू पर्चीक साठि-साठि मापक पुष्टि करैत छथि। शेष पर्ची पर तौल-कर्मचारीक मोहर अछि, मुदा ओ उपस्थित नहि छथि।

माटिक नलीसँ आनल पाँच पातमे २४० अङ्क तीन बेर भेटैत अछि, जाहिमे दू बेर काटल अछि। 'उत्तर कर-कोठली—रक्षा' शब्द आ आधा राज-मोहर सेहो अछि। पातक किनार काटल अछि, मुदा के काटलक से सिद्ध नहि। देवधर स्वीकारैत छथि जे पुरान कर-चौकी पाछाँक कोठलीमे आरम्भमे २४० माप अन्न गुप्त रूपसँ राखल गेल छल। हुनकर कथन अनुसार सैनिक आवश्यकता आ दंगाक भय कारण ई आपत भण्डार छल। राजधानीक दूत शंखधरक मौखिक सूचनाक उल्लेख करैत छथि, मुदा ओकर स्वतन्त्र पुष्टि अथवा लिखित आदेश उपलब्ध नहि।

देवधर ४८० केर सार्वजनिक दैनिक सार बनयबाक आ २४० केर पात अलग रखबाक निर्देश स्वीकारैत छथि। गोपनीय परिशिष्ट बनबाक छल, मुदा बनल नहि। फुलियाक प्रश्न आब नीरजक राशन-पट्ट पर केन्द्रित होइत अछि। 'अस्थिर गृह' श्रेणीक परिवारसभकेँ राशनसँ अस्थायी रूपेँ रोकल गेल छल। नीरजक पिता तीन मास पहिने मरि गेल छलाह, मुदा ओकर घर गलत श्रेणीमे राखल गेल। मालती सूची स्वयं नहि बनौने छलीह, तथापि जाँच हुनका करबाक छल आ ओ नहि कऽ सकलीह। देवधर व्यक्तिशः नीरजक नाम काटबाक आदेश नहि देबाक बात कहैत छथि। मुदा गुप्त अन्नक कारण सार्वजनिक उपलब्धताक गणना घटल आ राशनक प्राथमिकता-नियम ओही सीमित गणना पर बनल।

गङ्गेश अन्नक निजी गबन अथवा जानि-बुझि आगि लगयबाक असिद्ध आरोप देवधर पर नहि लगबैत छथि। सिद्ध क्रिया अछि—अन्न सार्वजनिक लेखासँ बाहर रखबाक व्यवस्था, ओकर आधार पर राशनक नियम आ लेखा बाहर नहि जयबाक दबाव। अधिकारीक कथित सुरक्षात्मक उद्देश्य ओकर निर्णयक परिणामक परीक्षणकेँ समाप्त नहि करैत अछि। २४० केर भेद आब केवल लेखाक अङ्क नहि, अकालमे अन्न पयबाक अधिकार आ व्यवस्थागत उत्तरदायित्वक प्रश्न बनैत अछि।

दृश्य ४ — दीप, चाबी, बही

मालती अपन सम्पूर्ण घटना-क्रम बतबैत छथि। ओ मुख्य बहीक ४८० वाला सारक पात निकालने छलीह आ २४० केर नकल उत्तर कर-कोठलीक चलन-बहीमे खोजय चाहैत छलीह। उत्तर निकाससँ सीधे पाछाँक बाट पर जा सकैत छलीह। नीरजक राशन-पट्ट पर 'अस्थिर गृह'क गलत चिह्न देख ओकरा प्रतीक्षा करय कहलनि। जड़ल दीप हुनकरे चारिम दीप छल, जे माधवक बनाओल खेपक छल।

बहीक जिल्दक नीचाँ दबायल पात निकालैत काल सूत अटकला पर ओ जोर लगौने छलीह। माप-पाटी हिलल आ दीप खसि पड़ल। लौ सूखल भूसी छुलक। मालती पयरसँ रगड़ि लौ बुझौलीह, मुदा दीप फूटल आ तेलक किछु भाग काठ तथा भूसीमे समा गेल। माटि देलाक बादो गरमी छल। पानि ओतय नहि छल आ ओ सहायता नहि बजौलीह। पगक आवाज सुनि बही, चाबी आ फूटल दीपक कारण पकड़ायल जयबाक भय भेलनि। पूर्ण रूपेँ आगि बुझल कि नहि, से सुनिश्चित कएने बिना ओ स्थल छोड़ि देलनि।

जटिलाक तेलक परीक्षण, भूसीक जड़ल परत, भीतर भेटल दीपक टुकड़ा, माधवक निर्माता-चिह्न आ पूर्व पुनरभिनय एहि कथनसँ मेल खाइत अछि। गङ्गेश एहि क्रमकेँ आगिक आरम्भक प्रबल समर्थित व्याख्या मानैत छथि। तथापि जानि-बुझि आगि लगेनाइ सिद्ध नहि। मालतीक लापरवाही आ भयक कारण लेल निर्णयक परीक्षण होइत अछि। फुलिया एक-एक क्रिया गिनैत छथि—नीरजकेँ रुकय कहब, दीप खसबाक बाद पूर्ण सुरक्षा नहि सुनिश्चित करब, चाबी संग बाहर निकलनाइ, फेर ताला बन्द करब आ बालककेँ नहि खोजब। ओ नीरजक कटोरा मालतीक पयर लग रखैत छथि। मालती ओकरा उठा दण्ड माँगैत छथि।

मालती आगिक उजास देखि परिसरक बाहरी मेड़ धरि घुरि आयल होयबाक आ दूरसँ हरिनाथकेँ चाबी खोजैत देखबाक कथन करैत छथि। भय कारण सीधे देबाक बदला चाबी-गुच्छा चौकी दिस फेंकि देबाक बात कहैत छथि। राखमे खाली सूत भेटल अछि, धातुक चाबी नहि; तेँ चाबीक अन्तिम स्थान अनिर्णीत अछि। मालतीक निर्णय बचावक अवसर घटौलक, मुदा नीरजकेँ जानि-बुझि मारबाक प्रमाण नहि।

ईशान सम्पूर्ण कड़ी लिखैत अछि—गुप्त अन्न, गलत राशन-श्रेणी, नीरजक भण्डारमे प्रवेश, दीपक घटना, बन्द निकास, अनुपलब्ध चाबी, विफल चेतावनी, धुँआ आ देरी। प्रत्येक कड़ीक उत्तरदायित्व अलग अछि। माधव विरुद्ध पर्याप्त आधार नहि बचलाक कारण ओकर बन्धन पूर्णतः हटाओल जाइत अछि। फुलिया तत्काल दोषक नाम लिखबाक बदला जीवित लोककेँ पानि पिआबय कहैत छथि।

उपसंहार — अभाव

दृश्य १ — एक नामक माँग

जड़ल भण्डारक सोझाँ खुलल प्रांगण आब सार्वजनिक सभा बनल अछि। प्रमाणक वस्तुसभ पाटी पर राखल अछि। अन्नक बोरा आ आयल तथा वितरित अन्नक नव तख्ती सेहो अछि। राज-दूत एक अपराधी, एक मुख्य कारण आ एक संक्षिप्त प्रतिवेदन चाहैत छथि। फुलिया आब नामक अपेक्षा कारण चाहैत छथि; हुनका भय अछि जे एक नाम देलासँ शेष उत्तरदायी सभ मुक्त भऽ जएताह।

गङ्गेश ईशानसँ सात प्रस्ताव पढ़बैत छथि। उपलब्ध पर्चीक जोड़ ७२० अछि, दैनिक राजकीय सार ४८० अछि आ २४० माप अन्न सार्वजनिक लेखासँ बाहर उत्तर कर-कोठलीमे राखल गेल छल। मालतीक क्रियासँ दीप खसल आ हुनका आगिक पूर्ण सुरक्षा सुनिश्चित कएने बिना निकलबाक दायित्व अछि। हरिनाथ नीरजकेँ भीतर पठौने छल, बादमे घंटी खींचलक, चाबी नहि भेटल आ निकास खोलबमे देरी भेल। देवधरक सामान्य आदेशसँ रातिमे उत्तर निकास बन्द रहैत छल। ई सभ नीरजक बचबाक अवसर घटौलक। माधवक विरुद्ध आगि आरम्भ करबाक स्वतन्त्र प्रमाण नहि अछि।

राज-दूत मालती पर सीधे आगि लगयबाक निष्कर्ष चाहैत छथि। गङ्गेश लापरवाही आ अभिप्रायमे भेद स्पष्ट करैत छथि। देवधरक गुप्त अन्न आ बन्द निकासक आदेश सिद्ध अछि, मुदा हुनका द्वारा आगि लगयबाक आदेश वा रस्सी काटब सिद्ध नहि। हरिनाथक कर्तव्य आ ओकर प्रयास दुनू देखल जाएत। मालतीक स्वीकारोक्ति हुनका अपन क्रियाक भार दैत अछि, दूसरक आदेशक नहि। एहि विवेचनमे समग्र व्यक्तित्वकेँ दोषी घोषित करबाक बदला क्रिया-विशेषक जिम्मेवारी निर्धारित होइत अछि।

राज-दूत देवधरक भण्डार-अधिकार आ मुहर अन्तिम जाँच धरि हटयबाक आदेश दैत छथि। २४० केर पूरा लेखा राजदरबार पठाओल जाएत आ शेष गुप्त अन्न सार्वजनिक गणनाक अधीन आओत। मालतीक लापरवाही, प्रमाण लुकायब, सुरक्षा-चाबी हटायब आ संकटमे सहायता नहि देबाक विषय अलग न्यायिक विचार लेल पठाओल जाइत अछि; ओ नगर नहि छोड़ि सकैत छथि। हरिनाथ एखन साक्षी छथि, अभियुक्त नहि; पहरा आ घंटीक अलग जाँच होएत। माधव विरुद्ध आगजनीक आरोप निरस्त होइत अछि आ भट्ठीक भौतिक क्षतिक

प्रतिपूर्ति दर्ज करबाक आदेश भेटैत अछि। ओकर मानक क्षति पूर्णतः मापल नहि जा सकैत अछि।

दृश्य २ — जे नहि छल

गङ्गेश प्रतिवेदनक संग अज्ञात बातक सूची बनबैत छथि। रस्सी के काटलक, कटाव आगिसँ पहिने छल अथवा आगिमे कमजोर भऽ टूटल, चाबी-गुच्छा ककर हाथ पड़ल, नीरज उत्तर निकास धरि पहुँचल कि नहि, घंटी बजल रहित तँ सहायता कतेक पहिने पहुँचैत, निकास खुलल रहित तँ नीरज निश्चित बचित कि नहि—ई सभ प्रश्न अनिर्णीत अछि। ७२० केर सभ पर्चीक वस्तुगत सत्यापन सेहो पूर्ण नहि भेल अछि, मुदा २४० केर गुप्त अन्नक अस्तित्व स्वतन्त्र रूपसँ मजबूत आधार पाबि चुकल अछि।

ईशानक असमय आ गलत निष्कर्ष अफवाहकेँ बल देने छल। गङ्गेश एकरा प्रतिवेदनमे लिखबैत छथि; ज्ञाताक त्रुटि सेहो जाँचक बाहर नहि रहि सकैत अछि। माधव ईशानक क्षमायाचनाक बदला भट्ठी बनयबाक काजमे माटि ढोएबाक आग्रह करैत अछि। ईशान तैयार होइत अछि। एतय शब्दक दायित्व वास्तविक श्रममे परिणत होयबाक संकेत भेटैत अछि।

फुलिया अन्ततः नीरजक मृत्यु केकर अछि, से पुछैत छथि। गङ्गेश स्पष्ट करैत छथि जे मृत्यु एक व्यक्तिक सम्पत्ति वा एक क्रियाक परिणाम जकाँ नहि बुझल जा सकैत अछि। मालतीक अधूरा आगि बुझेनाइ, चाबी आ बालकक प्रति निर्णय; देवधरक अन्न नुकयबाक आ निकास बन्द रखबाक व्यवस्था; हरिनाथ द्वारा नीरजकेँ भीतर पठेनाइ; चेतावनीक विफलता आ धुँआ तथा देरी—सभक सम्बन्ध अलग अछि। नीरज एहि कड़ीसभमे सँ कोनो नहि चुनने छल, मुदा परिणाम ओकरा भोगय पड़ल।

गङ्गेश नीरजक खाली कटोरा भरबाक प्रस्ताव करैत छथि। फुलिया अस्वीकारैत छथि। ओ चाहैत छथि जे पुरान कटोरा खाली रहय, जाहिसँ लोक स्मरण राखय जे एक दिन एक बालकक भाग ओतय नहि पहुँचल। मुदा बगलमे जीवित बालक लेल दोसर कटोरा राखल जाय। माधव अधपकल नव कटोरा अनैत अछि। पूर्व सूचीसँ कटायल घरसभकेँ प्राथमिकता दऽ सार्वजनिक वितरण आरम्भ होइत अछि। तिथि आ समय दर्ज कएल जाइत अछि। देवधर अपन वर्तमान पदक अयोग्य होयबाक स्वीकार करैत छथि। मालती कटायल नामसभ फेर लिखबाक काज आरम्भ करैत छथि।

दृश्य ३ — खाली कटोरा

साँझमे सभा समाप्त भऽ गेल अछि आ प्रांगण अन्न-वितरणक स्थल बनि गेल अछि। प्रमाणक वस्तु ढाकल अछि, मुदा नीरजक खाली कटोरा आ माधवक अधपकल नव कटोरा खुलल अछि। हरिनाथ अस्थायी नव घंटीक रस्सी खींचि ध्वनि सुनैत छथि आ प्रतिदिन जाँचबाक संकल्प करैत छथि। माधव बालकसभकेँ पानि पिआबैत अछि, मालती नाम पढ़ि अन्नक वितरण मिलबैत छथि, देवधर साधारण वस्त्रमे बोरा उठयबामे सहयोग करैत छथि। ई काज पूर्व त्रुटिक सुधारक आरम्भ अछि, क्षतिक पूर्ण प्रतिपूर्ति नहि।

ईशान गङ्गेशसँ ज्ञानक अन्तक विषयमे पुछैत अछि। गङ्गेशक दृष्टिमे निर्णय ज्ञानक अन्त नहि; सही ज्ञानसँ मनुष्यक आचरण बदलयबाक चाही। ग्रन्थ आ जीवनक सम्बन्ध एहि व्यवहारमे अछि, दुनू एक-दोसराक नकली प्रमाण नहि बनि सकैत अछि।

फुलिया गङ्गेशकेँ एक अन्तिम प्रश्न करैत छथि—पहिल दिन अहाँ ताला, राख, धुँआ आ रस्सी देखलहुँ, मुदा हमरा देखलहुँ? गङ्गेश स्वीकारैत छथि जे आरम्भमे हुनका फुलियाक दुःख प्रमाणक निष्पक्ष परीक्षणमे बाधा जकाँ बुझायल छल। आब ओ बुझैत छथि जे दुःख स्वयं तथ्यक प्रमाण नहि, मुदा पीड़ित व्यक्तिक प्रश्न पूछबाक अधिकार आ जाँचक नैतिक दिशाकेँ प्रभावित करैत अछि। ओ एहि बातकेँ लिखबाक वचन दैत छथि।

फुलिया लेल न्यायक दृश्यात्मक अर्थ दू कटोरामे अछि। नीरजक कटोरा खाली रहत, स्मृतिक रूपमे; नव कटोरा भरैत रहत, जीवित बालकक अधिकारक रूपमे। ईशान अन्तिम निष्कर्ष लेल ताड़पत्रक एक पाँति खाली छोड़ैत अछि। गङ्गेश ओहि खाली स्थानकेँ मिथ्या निष्कर्षसँ बेहतर मानैत छथि। फुलिया स्मरण करबैत छथि जे जे खाली स्थान भरल जा सकैत अछि ओकरा खाली छोड़ब सेहो उचित नहि। अन्तमे घंटी बजैत अछि, अगिला बालकक कटोरा भरैत अछि आ नीरजक कटोरा खाली रहैत अछि। दुनू कटोरा पर समान प्रकाश पड़ैत अछि।

समग्र कथासार आ दार्शनिक आशय

नाटकक आरम्भमे माधवक धुँआयुक्त वस्त्र, झुलसल हाथ आ अधिकारीसँ विवाद ओकरा सहज आरोपी बनबैत अछि। प्रत्यक्षक परीक्षण ओहि आरोपकेँ अस्थिर करैत अछि; अनुमानक परीक्षण वैकल्पिक कारण देखबैत अछि; उपमान चिह्नक प्रकार आ सीमा स्पष्ट

करैत अछि; शब्दक परीक्षा मालती, हरिनाथ आ देवधरक कथनकेँ भौतिक प्रमाण आ लेखासँ जोड़ैत अछि। अन्तमे अभावक विवेचन जाँचक शेष अज्ञान आ सुधार योग्य वास्तविक कमीसभकेँ अलग करैत अछि।

व्याप्ति एहि नाटकमे केवल धुँआ आ आगिक शास्त्रीय सम्बन्ध नहि, अपितु हेतु आ साध्यक बीच प्रमाणित सम्बन्धक माँग अछि। उपाधि, व्यभिचारी हेतु, सपक्ष-विपक्ष, तर्क, उपमान आ शब्द-प्रमाणक प्रयोग कथानकक भीतर गलत आरोप हटयबाक आ समर्थित निष्कर्ष धरि पहुँचबाक साधन बनैत अछि। समान चिह्न समान कर्ताक निर्णायक प्रमाण नहि; स्मृति आदतसँ प्रभावित भऽ सकैत अछि; अभाव तखने अर्थवान होइत अछि जखन अपेक्षित वस्तु वा चिह्नक उपलब्धताक शर्त स्पष्ट हो।

नीरजक मृत्यु एक अपराधीक नाम मात्रसँ पूर्णतः व्याख्यायित नहि होइत अछि। आगिक प्रबल समर्थित आरम्भ मालतीक दीप खसब आ अधूरा सुरक्षा-प्रयास अछि। मुदा बालकक बचावक अवसर घटयबाक क्रममे गुप्त अन्न, गलत राशन-श्रेणी, भण्डारमे प्रवेश, बन्द निकास, चाबी नहि भेटब, चेतावनीक विफलता, भय आ देरी सम्मिलित अछि। एहि सभमे अभिप्राय, क्रिया, लापरवाही, व्यवस्थागत निर्णय आ परिणामक सम्बन्ध अलग-अलग अछि। नाटक दण्डसँ पाछाँ हटबाक आग्रह नहि करैत अछि; ओ उचित प्रमाणक अनुसार उचित व्यक्तिपर उचित भार रखबाक आग्रह करैत अछि।

फुलियाक दुःख नाटकक नैतिक केन्द्र अछि। जटिलाक अनुभव, माधवक व्यावसायिक ज्ञान, हरिनाथक त्रुटिपूर्ण स्मृति आ मालतीक आत्मस्वीकार विद्वानक जाँचकेँ निरन्तर संशोधित करैत अछि। गङ्गेश स्वयं सेहो अपन दृष्टिक सीमा स्वीकारैत छथि। ईशानक गलती देखबैत अछि जे प्रमाणहीन ज्ञानक सार्वजनिक प्रसार अन्यायक कारण बनि सकैत अछि। न्याय केवल सही निर्णय नहि, गलत आरोपसँ भेल क्षतिक सुधार, पारदर्शी अन्न-वितरण आ आपातकालीन सुरक्षाक वास्तविक व्यवस्था सेहो अछि।

नीरजक रिक्त कटोरा ओहि अभावक प्रतीक अछि जे भरल नहि जा सकैत अछि। ओकर बगलमे भरैत नव कटोरा ओहि अभावक प्रतीक अछि जे मनुष्य अपन आचरण आ व्यवस्था बदलि दूर कऽ सकैत अछि। नाटकक अन्तिम आशय एही द्वैतमे निहित अछि—जे अज्ञात अछि, ओकरा मिथ्या नाम नहि देल जाय; जे प्रमाणित अछि, ओकर उत्तरदायित्व नहि त्यागल जाय; आ जे सुधार सम्भव अछि, ओकरा भविष्यक निर्णय धरि टारल नहि जाय।

११. जे नाम पोथीमे नहि

गजेन्द्र ठाकुरक नाटक

मूल मैथिली पाठक विस्तृत अङ्कवार, दृश्यवार आ अध्यायवार सारांश

नाटचभूमि आ पात्र

कोसीक विस्तृत जल-मैदानमे बसल काल्पनिक मिथिला-गाम उत्तरसार एहि नाटकक केन्द्र अछि। बाढ़क आशंका, एकटा विवाहक पञ्जी-जाँच आ पुरान मैथिली पदक लेखकत्वक अनुसन्धान एकहि समयमे आरम्भ होइत अछि। नाटकक घटनासभ धनमन्ती देवीक घरक ओसारा, विद्यालय, विद्यालयक ऊपरक कोठली, नाव आ ऊँच सड़कपर बनल अस्थायी शिविरमे घटैत अछि। बाढ़ उतरला पछाति फेर विद्यालय आ गामक जीवन दिस कथा घुरैत अछि।

छियासी वर्षीया धनमन्ती देवी स्त्री-गीत आ पुरान पदक मौखिक परम्पराक वाहक छथि। हुनक नातिन माधवी दिल्लीसँ घुरल भाषिक-अभिलेख शोधकर्ता छथि। हरिनाथ पञ्जीकार वंशावली-पोथीक संरक्षक छथि। विद्यालयक अध्यापिका सुमेधा आ बेंगलुरुसँ घुरल अभियन्ता अभयक प्रस्तावित विवाहक जाँच हरिनाथ कऽ रहल छथि। इतिहासकार प्रभाकर मिश्र पुरान पदक स्रोत आ कालक परीक्षा करैत छथि। नाविक आ मछुआ फेकन सहनी बाढ़क समय गामक लोकक बचावक नेतृत्व करैत छथि। तीन स्त्री-स्वरक समूह गीत, प्रश्न, श्रम, स्मृति आ सामूहिक पुकारक माध्यमसँ समस्त नाटकमे उपस्थित रहैत अछि।

पूर्वरंग : लिखलासँ पहिने

अन्हार मंचपर मेघक गुंजनक बीच तीन स्त्री-स्वर नाम लेबाक, लिखबाक आ नहि बिसरबाक आग्रह करैत अछि। देह देखाइत नहि अछि, मुदा पुरान स्त्री-कण्ठक गीत सुनाइत अछि। कागद भीजि सकैत अछि, मसि बहि सकैत अछि, मुदा मायसँ बेटी आ बेटीसँ नातिन धरि पहुँचैत गीत साँसक माध्यमसँ अपन घर बनबैत अछि। एहि गीतमे विवाह-गीत आ पदावलीक लय एक-दोसरासँ मिलैत अछि।

गीतक अन्तिम शब्द पूरा होएबाक पहिने ध्वनि-अंकन यन्त्रक लाल बत्ती जरैत अछि। कण्ठ आ ओकर यान्त्रिक अंकनक बीचक सम्बन्ध एहिठाम पहिल बेर उपस्थित होइत अछि। नाम,

लिखित अभिलेख, मौखिक स्मृति आ पानिक जे सम्बन्ध आगाँ सम्पूर्ण नाटकमे विकसित होइत अछि, तकर आरम्भ एहि पूर्वरंगसँ होइत अछि।

अङ्क १ — पहिल तरंग : स्वर

अध्याय १ | दृश्य १ : ओसारापर ध्वनि

धनमन्ती देवी अपन घरक ओसारापर बैसल छथि। माधवी हुनक गीत ध्वनि-अंकन यन्त्रमे सुरक्षित करय चाहैत छथि। गीतक बीच आयल खाँसीकेँ अलग करबाक माधवीक बातपर धनमन्ती आपत्ति करैत छथि। हुनका अनुसार गबैत मनुष्यक साँस, खाँसी, टूटल दाँत आ बिसरल शब्द सेहो गीतक जीवित रूपक अङ्ग अछि। माधवी यन्त्र बन्द कऽ पहिने गीत सुनबाक लेल तैयार होइत छथि। एहि बीच बढ़ैत वर्षा आ विद्यालय खोलि लोककेँ सुरक्षित राखबाक सूचनाक चर्चा होइत अछि।

माधवी 'काँचहि चान'सँ आरम्भ होइत पद अंकित करय चाहैत छथि। धनमन्ती ई गीत अपन मायसँ सीखने छलीह, जे स्वयं अपन मायसँ सीखने छलीह। पदक अन्तमे विद्यापतिक भणिता रहबाक प्रश्नपर धनमन्ती कहैत छथि जे गबैयाक स्मृतिक अनुसार नाम कखनो रहैत अछि, कखनो नहि। प्रसिद्ध कविक नाम गीतक स्वतन्त्र स्वर सुनबामे बाधक सेहो भऽ सकैत अछि। माधवी इतिहासक लेल नामक महत्त्व मानैत छथि, मुदा धनमन्ती पहिने सुनबाक आग्रह करैत छथि। धनमन्ती चारि पाँति गबैत छथि; अगिला पाँतिक दू रूप मोन पड़ला कारण रुकि जाइत छथि। माधवी दूनू रूप लिखबाक प्रस्ताव करैत छथि। एहि सहमतिसँ शोधक पद्धतिमे मौखिक विविधताकेँ स्थान भेटैत अछि। तखने हरिनाथ कपड़ामे बन्हल पोथी लऽ कऽ अबैत छथि।

अध्याय २ | दृश्य २ : पोथीक वजन

हरिनाथक घरक पछिला देवालमे सील चढ़ि रहल अछि। किछु पोथी विद्यालयक ऊपरक कोठलीमे राखबाक योजना अछि; एकटा पोथी ओ धनमन्तीक घरमे राति भरि राखय चाहैत छथि। धनमन्ती विवाहक सम्बन्ध निर्धारित करैत पञ्जीक अधिकार आ ओकर जाँचक सीमापर प्रश्न उठबैत छथि। हरिनाथ मानैत छथि जे गलत सम्बन्धक निर्णय कठिन परिणाम दऽ सकैत अछि, तेँ पोथीक जाँच आवश्यक अछि। सुमेधा विद्यालयक चाबी लऽ पहुँचैत छथि

आ कहैत छथि जे शरण लेनिहार परिवारक बिछौना पहिने ऊपर जाएत, पोथी लेल बादमे ठाम राखल जाएत।

हरिनाथ विवाह-जाँचक वास्तविक समस्या स्पष्ट करैत छथि। अभयक पितामहीक मायक मूल-गाम 'सरिसव' लिखल अछि; सुमेधाक मातामहीक एक पुरान प्रतिमे सेहो 'सरिसव' अछि, मुदा मूल-नामक अंश मेटायल अछि। दूनू परिवारक स्त्री-शाखा एकहि मूलसँ अछि अथवा केवल गाम एक अछि, ई सिद्ध नहि भऽ पबैत अछि। मधुबनी दिसक परिवार लग रहल दोसर प्रतिक बाढ़मे नष्ट भऽ गेल होएबाक आशंका अछि; ओकर फोटो खोजल जा रहल अछि। मौखिक स्मृति उपयोगी होइतो हरिनाथ अकेले ओकर आधारपर निर्णय नहि दैत छथि। धनमन्ती स्मृति आ कागद दूनूक नश्वरता दिस ध्यान दैत छथि। सुमेधा आग्रह करैत छथि जे प्रमाणक अभाव स्पष्ट लिखल जाए; हुनक विवाह करएबाक वा रोकबाक लेल अनुमानकेँ तथ्य नहि बनाओल जाए। हरिनाथ ई आग्रह स्वीकार करैत छथि।

अध्याय ३ | दृश्य ३ : आगन्तुक इतिहासकार

